# Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№153 (23.967) • 2019 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 24, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## КIуэкIуэ Казбек цIыхухэм я щхьэ Iуэхухэм хоплъэ

**КIуэкIуэ Казбек республикэм и Правительствэм и Унэм щахуэзащ зи щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIа цIыхухэм.**

КъБР-м щыпсэухэм я лъэIухэмрэ тхьэусыхафэхэмрэ теухуауэ щыташ зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэхэм, бын куэд зиIэ унагъуэхэмрэ нэхъ хуэмыщIауэ псэухэмрэ защIэгъэкъуэным, абыхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным.

ЦIыхухэм къаIэта а Iуэхухэм япкъ иткIэ КIуэкIуэ К. В. зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщIхэм, муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэташхьэхэм пщэрылъ пыухыкIахэр яхуигъэуващ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***



**«Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я номер зэхэтхэр илъэс 30 ирокъу**

**121**

● Хъуэхъу

## Ди Псалъэ, ди Макъ, ди Хэку

Илъэс 30 ирокъу адыгэхэр зэгъэуIуауэ щыпсэу ди хэкуищыр - Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэр - зэзыпх, зэкъуэзыгъэувэ лъэпкъ газетхэм я номер зэхэтхэм къыдэкIын зэрыщIадзэрэ.

А къыдэкIыгъуэхэм я напэкIуэцIхэр лъэпкъыр зыгъэпIейтей, зыгъэгушхуэ тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ гъэнщIащ. Илъэс щэщIым къриубыдэу, къэралым зэхъуэкIыныгъэ инхэр къыщыхъуащ, абыхэм гугъуехьхэри къадэкIуащ, ауэ номер зэхэтхэр а псоми щахъумэн яхузэфIэкIащ ахэр къыдэзыгъэкIхэм. А газетищми я лэжьакIуэ ахъырзэманхэри узэрыгушхуэн фIыгъуэ инщ.

Анэдэлъхубзэр хъумэным, щэнхабзэм, экономикэм зегъэужьыным, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, нэгъуэщI Iуэху щхьэпэ куэдми траухуащ а номерхэр. Ди лъэпкъым къыхэкIа цIыху цIэрыIуэхэм яхуэгъэпса къыдэкIыгъуэхэр-щэ?! Адыгэу зыкъэзылъытэж дэтхэнэми къыхуэщхьэпэн защIэщ ахэр.

«Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я редакцэхэм сынывохъуэхъу, фи япэ ита нэхъыжьыфIхэм хуэдэу, фи журналист псалъэр нахуэу, къалэмыр жану, зэкъуэтыныгъэр быдэу, адыгэм ди псалъэ диIэжрэ абы гъуэгу игъуэту дыпсэуну си гуапэщ!

**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,**
*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*



Iуащхьэмахуэ и щыгум итщ адыгэ бзылъхугъэ телъыджэ, Эверест дэкIа Мэз Каринэ.

● Редактор нэхъыщхьэм и псалъэ

## Илъэс 30 гъуэгуанэ



**Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ! Мы къыдэкIыгъуэр дэращ зытеухуар, нэгъуэщIу жыпIэмэ, «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я номер зэхэтхэр зыщIхэрщ. Зэкъуэш республикищым адыгэбзэкIэ къыщыдэкI газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэр, хэгъэгу зэпэщхьэхуэхэм щыпсэу ди къуэшхэр, ди шыпхъухэр гурэ псэкIэ зэрыубыдыжыным, зыужьыныгъэм и лъагапIэщIэхэм хуэунэтIыным хуэлажьэ номер зэхэтхэм я 121-нэ къыдэкIыгъуэр езы журналистхэм ятеухуауэ щытыныр тэмэму къэтлъытащ. Абы щхьэусыгъуэфIи иIэщ - илъэс 30 ирокъу Iуэху дахэр къызэрыдублэрэ.**

НАЦИОНАЛИСТ хуэмэбжьымэ къыкIэрихыу жаIэу, мы Iуэху щхьэпэр Iэщlаудыну куэдрэ къеныкъуэкъуами, зыкIи къахуимыкIуэта, лъэхъэнэ зэхэзэрыхьам лъэпкъыр зэкIэщIэзымыгъэлэжьыкI гъуазэу яIа адыгэ журналистхэм апхуэдэ пщIэ къамыхьауэ зыми жиIэфынукъым. ИтIанэ мыр тхыдэщ, лъэпкъ журналистикэм и напэкIуэцI нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ, и мыхьэнэр лIэщIыгъуэхэм къыхэнэнущ. Аращ псоми ятетхыхь, ауэ езыхэм я щхьэм хуэгъэза псалъэкIэ мыжумарт газет лэжьакIуэхэр хэгъэгуищым щыпсэухэм едгъэцIыхумэ нэхъ къыщIэтщтэр.

Нобэрей къыдэкIыгъуэм итщ номер зэхэтхэр дунейм къытехьэным зи гуащIэ нэхъыбэу езыхьэлIа ди нэхъыжьыфIхэм, а къалэн лъагэр ди зэманым щIыхь пылъу зыгъэзащIэхэм, Iуэху дахэм зи гупсысэ, чэнджэщ хэзылъхьэхэм ятеухуа тхыгъэхэр.

Редакторхэмрэ журналистхэмрэ я жэрдэмкIэ номер зэхэт гъэщIэгъуэн куэд дунейм къытехьащ блэкIа илъэсхэм. Дэ сытым дежи дыхущIокъу апхуэдэ къыдэкIыгъуэхэр зы Iуэхугъуэ пыухыкIа гуэрым тедухуэу, абы ехьэлIауэ республикищми илъ хъыбар гъэщIэгъуэнхэр зэхуэтхьэсыну. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, анэдэлъхубзэр хъумэным, щэнхабзэм зегъэужьыным, экономикэм, цIыхухэм я щыIэкIэ-псэукIэм, адыгэ лIакъуэ 12-м, лъэпкъ хабзэм, IуэрыIуатэм, адыгэ бзылъхугъэхэм номер хэхахэр ятыдоухуэ. Гулъытэншэу къэдгъанэркъым адыгэм игъэлъапIэ махуэшхуэхэр - Адыгэбзэм и махуэр, Щыгъуэ-щIэж махуэр, Хэкум къэзыгъэзэжахэм я махуэр, Адыгэхэм я махуэр, нэгъуэщIхэри.

Къищынэмыщlауэ, адыгэм къытхэкIащ тхылъ, газет щхьэхуэхэр зытептхыхь хъун къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, дуней псом щыцIэрыIуэхэр. Псоми фIыуэ ялъагъу цIыху зэчиифIэхэу Щоджэнцlыкlу Алий, КIыщокъуэ Алим, Темыркъан Юрий, МэшбащIэ Исхьэкъ, Налохэ Зауррэ Ахьмэдхъанрэ, КъардэнгъущI Зырамыку, IутIыж Борис, Бэрбэч ХьэтIутIэ, Омер Сейфеддин (Хьэткъуэ), Iэпщэ Александр сымэ ящыщщ газет щхьэхуэ зыхухэтхахэм. Номер зэхэтхэм къепхауэ диIэщ Адыгэ къуажэхэм я щIэнгъуазэ къыдэкIыгъуэхэри. Абы ипкъ иткIэ, къэбэрдей къуажэхэм нэмыщI, дэ далъэIэсащ Блашэпсынэ, Куэшхьэблэ (Адыгей), Жьэкуэ, Хьэбэз (КъШР), Ставрополь крайм и Курской щIыналъэм хыхьэ жылэхэмрэ езы мэздэгу адыгэхэмрэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ дэ къэдгъэлъэгъуащ Израилым, Сирием, Иорданием, Тыркум щыIэ адыгэ къуажэхэми абыхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми я псэукIэр. КъыдэкIыгъуэ псо тедухуащ Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием ирагъэкIуэкI лэжьыгъэ купщIафIэхэм.

А псори бзэ шэрыуэрэ акъыл жанкIэ ди пащхьэ кърагъэхьэ ди журналист зэчиифIэхэм. Номер зэхэтхэм нэхъ жыджэру елэжьхэм ящыщу къыхэзгъэщынущ ЖьэкIэмыхъу Маринэ, Ширдий Маринэ, Жыласэ Заурбэч, Шал Мухьэмэд, Уэрдокъуэ Женя, Жыласэ Маритэ, Къаншокъуэ Эллэ, ДыщэкI Соня, Дол Маринэ, Истэпан Залинэ, ЩхьэщэмыщI Изэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Щомахуэ Залинэ, ТекIужь Заретэ, Къарей Элинэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

Лъэпкъ Iуэхум хьэлэлу хуэлажьэ псоми къалэм псынщIэ икIи тынш фиIэну, илъэс 30-м тча лъэбакъуи 121-р миным нэсауэ тлъагъуну Тхьэм жиIэ.

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*

## НОБЭ

♦**1979 гъэм** советыдзэхэр Афганистаным ихьащ.

♦**1982 гъэм** Киев и уэгум япэу ихьащ Ан-124 «Руслан» дзэ-транспорт кхъухьлъатэщIэр.

♦**1990 гъэм** РСФСР-м къыщащтащ «Мылъкум теухуауэ» законыр. Совет къэралыгъуэм щыяпэу абы къилъытащ дэтхэнэ цIыхуми езым и мылъку иIэну зэрыхуитыр.

♦**1991 гъэм** Правительствэ связымрэ информацэмкIэ Федеральнэ агентствэр (ФАПСИ) къызэрагъэпэщащ.

♦Уэсмэн пащтыхьыгъуэм и маршал, Кавказым и тхыдэм теухуа лэжьыгъэ куэд къытрезыгъэдза **Бэрзэдж Зеки-пэщэ** къызэралъхурэ илъэси 180-рэ ирокъу.

♦Актёр, режиссёр, усакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Филатов Леонид** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ЕхъулIэ Мартин** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор **Къэзанш Хьэлимэт** къыщалъхуа махуэщ.

♦ХьэрычэтыщIэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **ЛIыкъуэщауэ Хьэбас** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Сабий дохутыр, «Урысейм и дохутыр нэхъыфI» цIэ лъапIэр 2013 гъэм зыхуагъэфэща **Чым Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **КIэхумахуэ ФатIимэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦УэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, Шэшэн, Ингуш республикэхэм щIыхь зиIэ я артист, КъБР-м и цIыхубэ артист **Билан Димэ** и ныбжьыр илъэс 38-рэ ирокъу. Ди лъахэгъу Билан и закъуэщ УФ-м щыщу «Евровидение» зэпеуэ цIэрыIуэм щытекIуар.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 9, жэщым 1 градус щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Лъэпкъ и зыпкъ кIуэдыркъым.**

# Адыгэ щІыналъэхэр зэпещІэ

● ГукъэкІыжхэр



**«Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я номер зэхэтхэр илъэс 30 ирокъу**

***Адыгэхэр нэхъ зэгъэуІуауэ щыпсэу республикищым ди бзэкІэ дунейм къыщытехьэ газетхэр зэгъусэу къыдэгъэкІыным сэ куэд щІауэ сегупсысырт. 1982 гъэм, СССР-м и Журналистхэм я союзым и V съездым дыкІуауэ, сэ абы теухуауэ сепсэлъат а зэманым «Социалистическэ Адыгейм» и редактор нэхъыщхьэу щыта Андырхъуей Жантемыр, ауэ къысхуидакъым «националист къытфІащынщ», жиІэри. А лъэхъэнэ дыдэм «Ленин нурым» и унафэщІу лэжьа Шурдым Кушыкуи сызытригъэхьакъым. Нобэм уиплъыкІыу ахэр бгъэкъуаншэ хъунукъым - апхуэдэт зэманыр.***

***Ауэ а зэман дыдэм езым къигъэувырт гъащІэм зэкъуиуда лъэпкъыр зэрызэрыцІыхужын Іуэху гуэрхэр лэжьын хуейуэ. Театрым, филармонием я артистхэр мыхъумэ, нэгъуэщІ зэкІэлъыкІуэртэкъым. Уеблэмэ, къэрал властым и органхэр зэрызэдэлэжьэшхуэ щыІэтэкъым. АтІэми, зызэпыщІэн, зэкІэлъыкІуэн, ди псэукІэр зэхуэІуэтэн хуейт. Куэд дыдэт лъэпкъыр зэшэлІэжын папщІэ лэжьыпхъэр. Ар зыхузэфІэкІынур цІыхубэ информацэм и Іэмалхэрт, псом япэуи - газетхэрт.***

КЪУЭШ республикэхэм адыгэбзэкІэ къыщыдэкІ газетхэм редакторыщІэхэр ягъэуври, абыхэм я фІыщІэкІэ Іуэхур нэхъ кІуатэу хуежьащ. Адыгэ газетхэм я юбилейхэр щыдгъэлъапІэхэм щыгъуэ дызэІущІати, зыбжанэрэ дызэпсэлъащ. Псори дыарэзы хуэдэт, ауэ Іуэхур шэщІауэ ешэжьэн хуейти, Къардэн Мухьэмэд («Ленин нур») сыгурыІуэщ, Мерэтыкъуэ Рэмэзан («Социалистическэ Адыгей») сепсалъэри, дэ Черкесск къалэм дыщызэІущІащ икІи номер зэхэтхэр къызэрыдэдгъэкІыну щІыкІэр дубзыхуащ. Мы Іуэхур гуапэу къыддиІыгъащ а гъэхэм КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр рескомым пропагандэмкІэ и къудамэм и унафэщІу щыта Шурдым Юрий. КъыддиІыгъа къудейкъым - куэдкІи зыкъытщІигъэкъуащ.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэрти, япэ номерыр зэхэдгъэувэн хуейт. Сыт хуэдэ Іуэхухэм нэхъ тедухуэну? АбыхэмкІэ дызэгурыІуэри, гъэхьэзырын щІэддзащ. Дгъэхьэзырри, дыкъыдэкІащ. **Ар къыщыхъуар 1989 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-рщ**.

Дауэ цІыхухэм къащыхъуну пІэрэ? - дызэщІэдэІукІырт дэ. Дызэрыгугъам нэхърэ нэхъ лъэщу къыщІэкІащ - къетхьэжьа Іуэхур цІыхухэм икъукІэ гуапэу къыддаІыгъат: абы и щыхьэтт телефоныр къэзыгъэкІэрахъуэхэм, редакцэм къыщІыхьэхэм я псалъэр. Псом жаІэми зы лъэІу хэтт: номер зэхэтхэр дяпэкІи къыдэвгъэкІ! Апхуэдэ дыдэу цІыхухэр абы Адыгейми Къэрэшей-Шэрджэсми щыІущІат.

Гукъинэж хъуащ япэ «летучкэхэр». Абыхэм, адыгэбзэкІэ къыдэкІ газетхэм я лэжьакІуэхэм я мызакъуэу, ди республикэм, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс автоном щІыналъэхэм, районхэм я унафэщІхэри, тхакІуэхэри, жылагъуэ лэжьакІуэхэри хэтащ. Япэ зэхуэсхэм ирихьэлІахэм фІыуэ ящІэж: игъащІэм зэрымылъэгъуауэ зэхуэзэжа зэкъуэшхэр апхуэдизу гуапэу, ІэплІэшэкІкІэ зэІущІэхэрти, пщІэнтэкъым абыхэм ящыщ куэдыр зэгуэр зэрымыцІыхуххэу щытауэ.

Апхуэдэ япэ «летучкэр» Налшык щекІуэкІащ. Псалъэмакъ щхьэпэр зэфІэкІа нэужь, ди хьэщІэ лъапІэхэр иригъэблэгъащ а лъэхъэнэм партым и Бахъсэн райкомым и тхьэмадэу щыта Нэхущ Заурбий. Адыгэм зэрыдихабзэу, шыгъупІастэкІэ абыхэм къапежьат Къэсейхьэблэ щыІэ колхозым и тхьэмадэ Тхьэкъуахъуэ Владимир. Хъуэхъу гуапэкІэ, гушыІэ дахэкІэ ди къуэшхэр игъэгушхуэу гупым хэсащ КъБР-м и ГАИ-м и унафэщІу щыта, игъуэ нэмысу дунейм ехыжа Хьэмырзэ Владимир.

ГъэщІэгъуэнт икІи гуапэт Адыгеймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щекІуэкІа зэхуэсхэри. Псом хуэмыдэу гукъинэж сщыхъуащ Хьэбэз щІыналъэм щедгъэкІуэкІа зэІущІэр. А район центрым и паркым дэ щыхэтсэгъащ Зэныбжьэгъугъэм и жыгхэр. Ар и жэрдэмт щІыналъэм и тхьэмадэу лэжьа Аргун Олег.

Мазищ къэс зэ дыкъыдэкІыу, зэІущІэхэр гъуэрыгъуэу Налшык, Черкесск, Мейкъуапэ къыщызэдгъэпэщу илъэс зыбжанэкІэ екІуэкІа иужь, къэралым къыщыхъуа жылагъуэ-политикэ зэжьэхэуэныгъэхэм я зэранкІэ, мы Іуэхур зэ лъэныкъуэкІэ дгъэтІылъыжауи щытащ, ауэ куэд мыщІэу зэхэдублэжауэ нобэр къыздэсым газетищыр дэгъуэу зэдолажьэ.

ЗЭРЫЗЭХЭЛЪКІЭ, зытеухуа Іуэхугъуэ кІэ убгъэдыхьэмэ, дауи, номер зэхэтхэм фІы дыдэ хъуаи, дызыхуэмыарэзыж гуэри къыхэкІагъэнщ. Абыхэм ткІийуэ дэ дыщытепсэлъыхьащ, ноби щытопсэлъыхь а зи гугъу сщІа «летучкэхэм». Ауэ сэ иджыпсту зи гугъу сщІынур аракъым, атІэ абы кърикІуа Іуэхухэрщ. Псом япэр - нэхъыщхьэри араш - номер зэхэтхэм нэхъ гъунэгъу зэхуищІащ республикэхэм щыпсэу адыгэхэр, ахэр зэкІэщІэчами, зы лъэпкъыу зэрыщытыр ягу къигъэкІыжащ, зэувэлІэжын зэрыхуейр ягу ирилъхьащ. Абы нэмыщІу, республикищыр щэнхабзэ, экономикэ, политикэ я лъэныкъуэкІэ нэхъ зэувэлІауэ зэдэлэжьэн зэрыхуейм ди унафэщІхэр иригъэгупсысауэ пІэрэ, жызоІэ. Нобэ адыгэ щыпсэу хэгъэгуищым я унафэщІхэр экономикэ, политикэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкІэ зэрызэдэлажьэм адыгэ журналистхэм я фІыщІэ зэрыхэлъыр шэчыншэщ.

Абы и закъуэкъым. Адыгэ тхыдэр джыным, адыгэбзэм зиузэщІыжыным, хэкуищым я социально-экономикэ щытыкІэм, гъащІэм и ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыщыхэжаныкІа цІыхухэм щІэджыкІакІуэхэр щыгъуазэ щІынымкІэ газетхэм зэфІагъэкІым и мыхьэнэр здынэсыр нобэкІэ къэхутэгъуейщ.

Зэманым зыдахъуэжу, абы къигъэув къалэн гугъухэм жэуап зэрыратыным иужь иту, ар хъарзынэуи къайхъулІэу мы Іуэху щхьэпэм пащэ адыгэ газетищым я унафэщІхэм, лэжьакІуэ псоми. Ар дызыщыгуфІыкІ Іуэхущ. Ауэ сэ нобэ псоми ягу къэзгъэкІыжыну сыхуейт зэхэублэгъуэм щыгъуэ зи къару, зэман, зэфІэкІ емыблэу абы гугъу зыдезыгъэхьахэр. Дауи, абы редакцэхэм щылэжьа псори жыджэру хэтащ - цІыху закъуэкІи, цІыху гуп цІыкІукІи газет щІа хъуркъым. Псом япэу ахэр ди къуэш республикэхэм щыщ журналистхэу Мерэтыкъуэ Рэмэзан, ХьэщІэмыз Биболэт, БрантІы Казбек («Адыгэ макъ»), Къардэн Мухьэмэд, Дэбагъуэ Мухьэмэд, Шорэ Ахьмэд, Къантемыр Тыркубий («Черкес хэку») сымэщ.

ЖэрдэмщІакІуэм хьэлъэу тещІэр нэхъыбэщ. «Адыгэ псалъэ» газетым щІэс псори яфІэфІу мы Іуэхум хэтащ, иджыри хэтщ. Ауэ, си гугъэмкІэ, абы нэхъыбэ хащІыхьащ КхъуэІуфэ Хьэчим, ХьэфІыцІэ Мухьэмэд, ТІымыжь Хьэмыщэ, Брай Адэлбий, Уэрыш Нурхьэлий, ЖьэкІэмыхъу Маринэ, Шал Мухьэмэд сымэ, н.

Газетым ихуэ тхыгъэхэм нэхърэ нэхъ мыхьэнэ мащІэ яІэкъым сурэтхэм. Ахэр напэкІуэцІхэр зэрагъэщІэращІэ Іэмалкъым, атІэ цІыхухэр нэхъыфІу нэІуасэ къыпхуэзыщІ, абыхэм я шыфэлІыфэр, я гукъыдэжыр къыпхуэзыІуатэ Іэмэпсымэщ. Абы и лъэныкъуэкІэ Щомахуэ Владимир и сурэтхэм къалэн ин ягъэзэщІащ.

Номер зэхэтхэм ятеухуауэ куэд пхужыІэнущ. ЖыІэни хуейщ. Ауэ зы хьэкъщ - ахэр къыдэгъэкІыным дяпэкІи пыщэн хуейщ, адыгэр зэрыубыдыжыныр ди щІасэмэ.

**МЭЗЫХЬЭ Борис**,
*Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьа (1982 - 1997 гъгъ.).*



# ЗэрыпхъуакІуэм и унафэ зэи щІэтакъым

**Адыгэхэр дунейм и лъэпкъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Абыхэм я тхыдэр апхуэдизкІэ жыжьэ зоІэбэкІыжри, Китайм, Мысырым, Къэжэрым я гугъу умыщІмэ, адыгэхэм я блэкІам елъытауэ, дэтхэнэ зы хэкуми зи гугъу ящІхэр дыгъуасэрей хъыбарщ.**

АДЫГЭХЭР нэгъуэщІ телъыджэ гуэркІи псоми къахощ: ахэр зэрыпхъуакІуэм и унафэ зэи щІэтакъым. Зауэхэм щикІуэтащ, къуакІэбгыкІэхэм зыщагъэпщкІуащ, къебэкІ къаруушхуэкІэ ираудыхащ, ауэ езыхэм я хабзэхэм тетыжа фІэкІа, пІалъэ кІэщІ дыдэкІи зызыхуагъэщхъа къару щыІэкъым. Дызэрыт лъэхъэнэми ахэр, я хабзэ зэрахьэжу, я нэхъыжьхэм я унафэ щІэту мэпсэу.

Мы лъэпкъыр гъэщІэгъуэн зыщІ Іуэхущ мыри: ЩІы хъурейм тет дэтхэнэ лъэпкъри и тхыдэ жыжьэм зэбгъэплъэкІыжмэ, адыгэхэм я закъуэщ щхьэхуиту зэрыщытам щыхьэт техъуэфу къахэкІынур.

БжыгъэкІэ куэд мыхъухэми, я щІыналъэм апхуэдизкІэ мыхьэнэшхуэ ират, я хьэлщэнхэм купщІэшхуэ хэлъщи, пасэрей цивилизацэхэм а лъэпкъыр фІы дыдэу къыщацІыху. Адыгэхэм я гугъу я ІэдакъэщІэкІхэм куэдрэ щащІ Геродот, Флакк Верий, Помпоний Мелэ, Страбон, Плутарх сыми, нэгъуэщІ тхакІуэ щэджащэхэми.

Илъэс минитІрэ щищым щІигъуауэ дунейм нэхъ лъэрызехьэу тета тепщэхэм щахъумэфа хуитыныгъэм и лІыхъужь пшыналъэщ абыхэм я ІуэрыІуатэр, таурыхъхэр, хъыбарыжьхэр.

***«Глисон и сурэт журнал», Лондон.** 1854 гъэ*



**Адыгэ газетищым я зэІущІэр Налшык щокІуэкІ.** *1992 гъэ*



**«Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я номер зэхэтхэр илъэс 30 ирокъу**

# Лъэпкъым шIулъэгъоу фытиIэм тыкъыпкъырыкIызэ...



**Адыгэ лъэпкъым итарихъ щымыгъуазэхэмэ, тиадыгэ цIыфхэм ащыщхэри зэрахэтэу, бэрэ къаIоу зэхэхэтэхы тымакIэу, тиадыгабзи кIодэу, кIодыпIэм зэрэлъэпкъэу тиуцуагъэу. Тиадыгабзэ зэрэкIодырэм, а лъэныкъомкIэ тиIоф тхьамыкIэгъошхоу зэрэщытым щэч хэлъэп, Кавказ заор заухыгъэр илъэсишъэрэ шъэныкъорэм къехъужьыгъэми, ащ къыттырищэгъэ шъобжхэр джыри кIыжьыгъэхэп.**

АУ ТЫМАКIЭП, тылъэпкъышху! Ар дэгъоу ыкIи икъоу зэхыуагъашIэ тизэхэт номерхэу зэкъош республикищым ялъэпкъ гъэзетхэмкIэ къыдэдгъэкIырэм. КъэбэртаекIэ е щэрджэскIэ псалъэхэрэр тэ тызэрэгущыIэрэм тIэкIу горэм, чIыпIэ зырызхэм нахьыбэу, зэтекIыхэми, ар зыкIи пэрыохъу къытфэхъурэп тистатьяхэмкIэ тызэхъожьынэу ыкIи мэзищ Iэпэ-цыпэр зэтынэкIы къэс зы номер зэхэт къыдэтэгъэкIы.

Тинарт къэбархэр, тигущыIэжъхэр, типшысэхэр, титаурыхъхэр, тарихъ гъогоу къэткIугъэр зэу щытых, аужырэм тлъэкъуацIэхэмэ янахьыбэрэри зэфэдэх, ау тызщыпсэурэ чIыпIэхэр шъхьаф-шъхьафхэу къызтфагъэнафэхэм, тэри лъэпкъищэу гощыгъэ ташIыныр зимурадыгъэхэр хэукъуагъэх.

Тэ тыадыг! Ащ тырэпагэ, егъашIэми тырыпэгэщт, тыдэ тыщыIэми, Къэбэртэе-Бэлъкъар Республикэм тыщэпсэуми, Къэрэщэе-Щэрджэсыр е Адыгеир арыми. Зэкъош республикищым ащыпсэурэ адыгэхэмкIэ зэу тызэрэщытыр, зыкIыныгъэм екIурэ гъогум тызэрэтетыр къыдгурыIозэ мы зэхэт номерхэр тэгъэхьазырых. Ахэр нахьыбэрэмкIэ тэ тилъэпкъ Iофыгъохэм афэгъэхьыгъэх, ащ фэшI зэкIэ журналистэу тиредакциемэ ащылажьэхэрэм яшъыпкъэ мыщ зэрэрахьылIэрэм сыщыгъуаз. ЗэкIэми тпсэ хэлъэу, шIулъэгъоу тилъэпкъ фэтшIырэм лъэубэкъукIэхэр тигъэшIыхэзэ зэхэт номерхэр къыдэтэгъэкIых, ар зэхашIыкIэу тигъэзетеджэхэми рэзэныгъэ гущыIэхэр къытпагъохыжьых. Сэри мы Iофым сыхэлэжьэнэу сищыIэныгъэ зэрэщыхъугъэм гушхоныгъэ къысхелъхьэ.

**ДЭРБЭ Тимур**,
*«Адыгэ макъ» гъэзетым и редактор шъхьаIэ.*

# Сигуапэу сыгу къэкIыжьы

**Гъэзетым сызыIутыгъэ илъэсхэр сыгу къызыкIыжьыкIэ, сынэгу къыкIэуцорэмэ ащыщ зэхэт номерхэм Iоф зэрадатшIэщтыгъэр. Шъыпкъэ, адрэ номерхэм ялъытыгъэмэ, ащ нахь Iоф къыпыкIыщтыгъ. Ау къызыдэкIыхэкIэ, номерыр гъэшIэгъон хъугъэ зыхъукIэ Iофэу тшIагъэм тырыгушхощтыгъ.**

НОМЕРЫР гъэшIэгъон къэзышIырэр зы темэм фэгъэхьыгъэу, цIыф гъэшIэгъоныбэмэ яхьылIэгъэ тхыгъэхэр ащ щызэрэугъоигъэхэу зэрэщытыгъэр ары. ЕтIани Iофым зы лъэныкъо хэлъ. Журналист пэпчъ иIэпэIэсэныгъэ елъытыгъэу къызтегущыIэрэ цIыф гъэшIэгъоныр нахь гъэшIэгъоныжь ышIын ылъэкIытыгъагъэ.

Лъэпкъым къыхэкIыгъэ цIыф гъэшIэгъонхэм, пэрытхэм якъэбар бэмэ ашIэ ашIоигъу. Ащ фэдэу тапэкIэ зигугъу амышIыщтыгъэ лъэпкъ лIыхъужъхэм яхьылIэгъэ номерхэр тшIыщтыгъэх. Кавказ заом фэгъэхьыгъэ тхыгъэхэр зэхэт номерхэм бэрэ къахафэщтыгъэх. Ахэри гъэшIэгъонэу тшIыщтыгъэх.

Сэ редактор шъхьаIэу «Адыгэ макъэм» сыкъэкIоным ыпэкIэ гъэзетым сыщылэжьагъэу щытыгъэпти, нахь сыфэсакъын фэягъ. Телевидением материал угъоикIэу иIэмрэ гъэзетым къихьащтыр зэрэугъоищтымрэ зэрэзэтекIыхэрэм къыхэкIэу апэрэ номерхэм ягъэпсын нахь сшIокъиныгъ. Ау къызыдэкIыщтыр пэшIорыгъэшъэу зэрэтшIэрэм ишIуагъэкIэ, игъом дгъэхьазырыщтыгъ.

«Летучкэхэу» Налщык, Черкесскэ щытшIыщтыгъэхэр гъэшIэгъонэу кIощтыгъэх. Ахэм опытышхо зиIэ редакторхэр, секретархэр, журналист IэпэIасхэр ахэлажьэщтыгъэх. Ахэм къаIохэрэм мэхьанэшхо иIагъ, уредактор ныбжьыкIэмэ.

Редакцием сызыIумытыжьыр илъэс пшIыкIутф фэдиз хъугъэ, ау тэщ нахьыжъхэм къырагъэжьэгъэ Iофтхьэбзэ дэгъоу лъэпкъымкIэ мэхьанэшхо зиIэр джыри лъэкIуатэ. Мы илъэсым апэрэ зэхэт номерыр къызыдэкIыгъэр илъэс 30-рэ хъугъэ. Арышъ, джыри илъэсыбэрэ къыдэкIынэу фэсэIо.

**БЭГЪУШЪЭ Азэмэт**,
*«Адыгэ макъ» газетым и редактор шъхьаIэу лэжьа.*

# ЦIыхухэрщ щIыналъэхэр зэпызыщIэр

**• ГукъэкIыжхэр**

**Горбачев Михаил къэралым и унафэр щищIа зэман нобэ зыхуэшхыдэми фIы куэд хэлъащ. Абыхэм ящыщщ нахуагъэкIэ (гласность) дызэджэр ди гъащIэм къызэрыхыхьар. НэгъуэщIу жыпIэмэ, ди гупсысэхэр, гурыгъу-гурыщIэхэр нэхъ хуиту къэтIуэтэф хъуащ. Мис абы къыдежьащ адыгэхэр зэуIуу щыпсэу республикищыр псэкIи IуэхукIи нэхъ быдэу зэрыгъуэтыжыныр. Хуабжьу си гуапэ хъуиэ къызогъэлъагъуэ щIыналъищым ди бзэкIэ къыщыдэкI газетхэм абы хуэунэтIауэ куэд дыдэ зэрызэфIагъэкIар икIи срогушхуэ сэри а лэжьыгъэм си гуащIэ зэрыхэслъхьам.**

НОМЕР зэхэтхэр гъэхьэзырынымрэ къыдэгъэкIынымрэ редакцищыр егъэлеяуэ егугъурт. Ар тыншу щыттэкъым. Уеблэмэ, тхыгъэхэр зэлъэдгъэIэсын папщIэ къэдгъэсэбэпырт Налшык икIыу Мейкъуапэрэ Черкесскрэ кIуэ автобусхэр. ЗэрытщIэщи, а зэманым Интернети компьютерхэри щыIэтэкъым. КъыдэкIыгъуэхэр къазэрехъулIам журналистхэр щытепсэлъыхьырт чэзууэрэ республикэхэм щрагъэкIуэкI летучкэхэм. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Iэмал дгъуэтащ Адыгейми Къэрэшей-Шэрджэсми я жылагъуэхэм я псэукIэр зэдгъэлъагъуну, абыхэм я цIыху зэмылIэужьыгъуэхэм датетхыхьыну.

Сэ щIыналъитIми мызэ-мытIэу сыщыIащ. Псом хуэмыдэу сигу къинэжащ Мейкъуапэ етIуанэу сыщыкIуар. Ар ирихьэлIат лъэхъэнэ телъыджэм: Адыгейм республикэ ухуэкIэ игъуэтати, ди къуэшхэм дуней гуфIэгъуэр яIэт. Вокзалым сызыщитIысхьа таксим ахъшэ сIихакъым Къэбэрдейм сыкъызэрикIар къищIа нэужь. Пщыхьэщхьэ хъуами, редакцэр зэбгрыкIыжатэкъым. Егъэлеяуэ гуапэу къысIущIащ, си лэжьэгъухэм къащIэупщIащ. Абы сыщрихьэлIащ КъШР-м къыщыдэкI «Черкес хэку» газетым и лIыкIуэ Къантемыр Тыркубий. ХэщIапIэу зы пэш щытхухахакIэт егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтым и общежитым. Тыркубий сэрэ занщIэу ныбжьэгъу дызэхуэхъуащ. ЕтIуанэ махуэм щIыпIитIым дашащ. Сэ шапсыгъхэм я бзэм мыIейуэ сыпэлъэщырт - номер зэхэтхэм нэхъыбэу сызэрыхэлэжьыхьыр Мейкъуапэ къикI тхыгъэхэр къэбэрдей къэпсэлъыкIэм къызэризгъэзагъэрт. Ауэ хэгъэрейхэри нэхъ зыхущIэкъур къэбэрдеибзэкIэ щыпсалъэ къуажэхэр дагъэлъагъунырт.

Псом хуэмыдэу сигу къинэжащ Блашэпсынэр. ЗэблэкIыгъуэ лъэхъэнэти, цIыхухэм я псэукIэм щIэ куэд къыхыхьэрт. КъуажэщIыр ягуэшыжат, унагъуэ къэс хуэзэр къылъысу. АрщхьэкIэ иужькIэ зэгухьэжри, мэкъумэш кооператив къызэрагъэпэщат. Кооперативым езым и техникэ иIэжт. Гъавэр кърахьэлIэжа иужькIэ ар къэлэжьыным текIуэда псори хагъэкIыжырти, къэнар зэхуагуэшыжырт. Гуэдз, хьэ, ху, сэхуран хуэдэхэр ящIэрт. Ауэ бэвагъкIэ псоми ятекIуэр фошыгъу жэгундэрт. Языныкъуэхэм жэгундэр къыIахырт, ауэ хуейхэм къалъысыр гъунэгъуу щыIэ заводым яшэрти, фошыгъуу къуатыжырт. Кооперативым и унафэщIым щыгуфIыкIыу къызжиIауэ щытащ фошыгъу тонни 4 зылъыса унагъуэ къуажэм зэрыдэсыр.

А зэманым ди дежи мэжджытыщIэхэр щащIу хуежьат, ауэ Блашэпсынэ щаухуа мэжджытым нэхърэ нэхъ дахэ нобэр къыздэсым слъэгъуакъым. Ар нэгъуэщI щIыналъэхэм щылажьэ хьэрычэтыщIэхэу къуажэм щыщхэм ирагъэщIат Дагъыстэным щагъэхьэзыра проекткIэ. И теплъэм нэхърэ нэхъ дахэжт алэрыбгъу лъапIэхэмкIэ къищIыкIа и кIуэцIри. КъызжаIащ а щIалэхэм нэгъуэщI куэдкIи зыкъызэрыщIагъакъуэр.

Мыбыи згъэщIагъуэу гу лъыстащ. «Адыгэ макъым» и лэжьакIуэхэм псынщIэу икIи тыншу зыпащIэфырт къулыкъушхуэ зезыхьэхэм, дунейпсо чемпион спортсмен цIэрыIуэхэм. Дэ дыхуагъэзауэ щытащ иужькIэ республикэм и Iэтащхьэ хъуа ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий (а зэманым ар технологие институтым и ректорт).

ДыкъэкIуэжа иужь дытетхыхьыжырт тлъэгъуахэм. Арат псом нэхърэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, апхуэдэ къалэн и пщэ дэлъу си закъуэкъым Адыгеймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щыIари, абыхэм къикIыу къытхуэкIуари. НыбжьэгъуфI къысхуэхъуауэ щытащ шэрджэс усакIуэ гъуэзэджэ, журналист Нэхущ Мухьэмэд (псэужкъым, Тхьэм ахърэт нэху кърит), Зэубыд Ахьмэд. Сэ и гугъу фхуэсщIакIэщ жэуап зыхь секретару газетым илъэс куэдкIэ щылэжьа Къантемыр Тыркубий, ауэ си псалъэр ныкъуэ хъунт редактор нэхъыщхьэ, тхакIуэ, драматург Дэбагъуэ Мухьэмэд къэзгъэнамэ. Ар сэ си ныбжьэгъуакъым, ауэ и гуапагъэкIэ псоми къазэрыхэщыр тлъагъурт.

Мыри щIызгъужыну сыхуейщ. Ди щIэджыкIакIуэхэм гу лъатауэ къыщIэкIынщ ди газетым и редактор нэхъыщхьэу ХьэфIыцIэ Мухьэмэд ягъэува иужь ди номер зэхэтхэр лъэхъэнэщIэ зэрыхыхьам. Дэ къэтIэт Iуэхухэм хуабжьу заубгъуащ икIи ахэр нэхъ куу, гъэщIэгъуэн хъуащ.

**ШАЛ Мухьэмэд**.
*«Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель.*



Мейкъуапэ щекIуэкI зэIущIэм кърихьэлIащ Адыгейм и премьер-министр Тхьэркъуахъуэ Мухьэрбий.



*1998 гъэ, щэкIуэгъуэ мазэ*

# ФIы зыщIэр щегъуэжыркъым



Дэбагъуэ Мухьэмэд

**Адыгэ драматургиемрэ журналистикэмрэ лъэужь дахэ къыщызыгъэнащ Дэбагъуэ Мухьэмэд Къалэбэч и къуэр. Илъэс 40-м нэскIэ адыгэ газетым хьэлэлу хуэлэжьа журналистым и Iэужьыр «Черкес хэкум» нобэми щызыхыбощIэ. Абы къыдэгъуэгурыкIуахэм ар ягу къыщагъэкIыжкIэ лэжьэкIэфIым и щапхъэу, лъэпкъым хуэпэж цIыху щыпкъэу зэрыщытар къыхагъэщ.**

ДРАМАТУРГ, усакIуэ-уэрэдус, журналист цIэрыIуэ... Мис апхуэдэущ Дэбагъуэ Мухьэмэд ди республикэм и мызакъуэу, къуэш хэкухэми къызэрыщацIыхур.

1941 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м Хьэбэз районым хиубыдэ Жьакуэ (Алъэсчырей) къуажэм къыщыхъуащ Мухьэмэд. Ар щеджащ Къэрэшей-Шэрджэс пединститутым и филологие факультетым. Абы щыгъуэщ и гур тхэным, усэным къыщыхуэушар. И усэхэр, Iуэтэжхэр адыгэ газетым иригъэхьу щытащ. Еджэныр къиуха нэужь, 1965 гъэм «Ленин нурым» (иджы «Черкес хэку») и лэжьакIуэ хъуащ. Корреспонденту къыщIидзэри, къулыкъукIэ дэкIуейурэ, редактор нэхъыщхьэми нихусащ. Iуэхум и купщIэр къэлъагъунымкIэ, акъыл жанагъкIэ, жыджэрагъкIэ зэчий ин бгъэдэлъу къыщIэкIри, адыгэ журналистикэм зегъэужьыным лъэкI къимыгъанэу хуэлэжьащ.

Дэбагъуэм гуащIэшхуэ хилъхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым ди анэдэлъхубзэкIэ къыщыдэкI газетхэм зэхэту ягъэхьэзыр номерхэм. Ар къезыхьэжьауэ щытар а зэманым республикищым я адыгэ газетхэм я редактору щытахэу Къардэн Мухьэмэд, Мэзыхьэ Борис, Мерэтыкъуэ Рэмэзан сымэт. Ауэ, зэманым и зэхэзэрыхьыгъуэм хуэзэри, номер зыбжанэ фIэкIа къыдамыгъэкIауэ, а Iуэхур къызэтеувыIауэ щытащ. 1993 гъэм щэкIуэгъуэм и 10-м, Дэбагъуэри ди газетым и редактор нэхъыщхьэу лажьэу, «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм зэхэту къыдагъэкIа номерымкIэ а IуэхуфIым пащэжауэ щытащ.

А зэманым Дэбагъуэ Мухьэмэд дэлэжьауэ нобэр къыздэсым къытхэт нэхъыжьыфIхэм жаIэж а газетищыр зэгуэту къыдэгъэкIыным абы хуищIа хэлъхьэныгъэм и инагъыр зыхуэдизыр, а Iуэхум мыхьэнэуэ ириту щытар. Ахэр купщIафIэ щIыным, фэ тету къыдэгъэкIыным, лъэпкъымкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэр нэхъыбэу газет напэкIуэцIхэм къыщыIэтыным псэемыбжэжу хущIэкъуащ.

Лъэпкъ газетищыр зэхэту къыдэгъэкIынымкIэ абы илэжьа псоми гулъытэ щигъуэтащ Адыгейми, Къэбэрдей-Балъкъэрми. РеспубликитIми къыхуагъэфэщащ «Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр. Гъунэгъуу зэбгъэдэс адыгэхэр нэхъ зэрыцIыхуным, зэрыгъэубыдыным хуигъэза и гуащIэр псыхэкIуадэ хъуакъым - нобэр къыздэсым республикэхэм я газетхэр зэхэту къыдокI.

Дэбагъуэм «УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэри къыфIащащ. КъинэмыщIауэ, «КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ» цIэри къыхуагъэфэщащ. Ахэр къыпэкIуащ и творческэ лэжьыгъэ купщIафIэм. Республикэм исхэм ар нэхъыбэу къызэрацIыхур драматург лъэрыхьущ.

Мухьэмэд и къалэмыпэм къыщIэкIащ «IэлъэщI плъыжь» драмэр, «ФIы зыщIэр щIегъуэжкъым», «Иныжьым и нэр», «ГъущIыпсэ хахуэ», «Анэр нэм хуэдэщ», «Сосрыкъуэ», «Напэр нэхъапэщ», «Мишуткэ-Мухьэрбий» пьесэхэр, нэгъуэщIхэри. Iуэтэжхэр, очерк купщIафэ куэди къытхуигъэнащ.

Мухьэмэд и цIэр лъагэу яIэтащ и уэрэдхэми. «Зэрыджэ», «Сытым щыгъуэ сыкъэпщIэну?», «Къофэр, мэджэгур...», «Ар лъагъуныгъэщ», «Си дахэ», уэрэдхэр Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгейми, Къэбэрдей-Балъкъэрми фIыуэ щалъэгъуащ. Абы и усэхэм макъамэ щIагъэуващ композитор цIэрыIуэхэу Даур Аслъэн, Тыкъуэ Къаплъэн, сымэ.

Мухьэмэд ди лъэпкъым и гум къинащ цIыху щыпкъэу, творческэ Iэужь ин зыбгъэдэлъауэ. Ар дунейм ехыжащ 2003 гъэм. Дэбагъуэм и цIэр фIащащ езыр къыщалъхуа къуажэм и уэрамхэм ящыщ зым. Езыр зыщыпсэуа унэм фэеплъ пхъэбгъу щыфIалъхьащ. Ауэ, езым и фэеплъ мыухыжу къытхуигъэнар и тхыгъэхэрщ, и уэрэдхэрщ, и IуэхущIафэхэрщ.

**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ.**



**«Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я номер зэхэтхэр илъэс 30 ирокъу**

## Лъэпкъ къару

**Адыгэм къытхуэхъуащ**
**Дэ ди бзэр**
**Iуэхутхьэбзащlэ.**
**Адыгэм къытхуэхъуащ**
**Дэ ди бзэр**
**Iэщэ пэж.**
**Абы иджыри,**
**Тхуилэжьыфар фIэмащIэу,**
**Лъэпкъ нэмыс лъагэр**
**Тхыдэм щеIуэтэж...**
**Жанщ и гупсысэр,**
**Псалъэр зыщетIагъэ;**
**Мыгъуагъэхэр егуэщIыр -**
**Мэхъу нэщхъей...**
**Арщхьэ лъэхъэнэр**
**Ди бзэм пкъырозагъэ:**
**Езым иIэщ и гъащIэ,**
**И дуней.**
**Илъэс минбжыгъэ**
**Гъуэгу абы хуэхъуами,**
**ИмыщIэу жьыгъэ,**
**Нобэми жьгъырущ.**
**Гур зыгъэхашэ**
**Уае къытехъуами,**
**Ар, гукъыдэжкIэ бейуэ,**
**Лъэпкъ къарущ.**
**Зи дамэ лъэщ**
**Къарууэ**
**Уэгу имытми,**
**Джэ макъыу**
**ЩоIур ену**
**Ди тхьэкIумэ,**
**Щыгъагъэу**
**Бгым и лъапэ**
**Ар щIэмытми,**
**Епэр нэхъ гуакIуэу**
**ЗыхыдощIэ и мэ.**
**Иджы адыгэхэм**
**Хъуащ ди бзэр**
**Анэмэт,**
**Хэтыжмэ**
**Лъэпкъым и псэ,**
**Бзэрщ зыIыгъыр!**
**ГугъапIэ дахэхэр**
**Абы къыщыдогъуэт,**
**Ди лъэпкъ и гъатхэхэм**
**Дащегъэгугъыр.**
**ЦIыхугъэм**
**Ар хуопабгъэ,**
**ЦIыхугъэр и гугъапIэщ.**
**ПIейтейуэ поплъэ ди бзэр**
**Хэку лъагъуныгъэм!**
**Гугъуехьым игу зэпищIми,**
**Иримыдзых и напIэ:**
**Зэрехьэ ди бзэм**
**Гу зылъамытэ лIыгъэ!..**
**Илъэс мин бжыгъэ**
**Гъуэгу абы хуэхъуами,**
**ИмыщIэу жьыгъэ,**
**Нобэми жьгъырущ.**
**Гур зыгъэхашэ**
**Уае къытехъуами,**
**Ар, гукъыдэжкIэ бейуэ,**
**Лъэпкь къарущ!**

**ЩАУЭ Iэуес.**
*Черкесск къалэ*

# Къардэн Мухьэмэд зэи къикIуэтакъым

**Къэрэшей-Шэрджэсым адыгэбзэкIэ къыщыдэкI «Ленин нур» газетым и редактор нэхъыщхьэу 1980 гъэм ягъэувауэ щытащ Къардэн Мухьэмэд Хьэсанэ и къуэр. Къыхэгъэщыпхъэщ, мы газетым «Черкес плъыжь» фIэщыгъэр щызэрихьам, зауэм и пэ къихуэу, Мухьэмэд и адэ Хьэсанэ и редактору зэрыщытар. И адэм и пIэ иувэжа Мухьэмэд илъэс 13-кIэ адыгэ газетым и редактор нэхъыщхьэ къулыкъур ирихьэкIащ.**

АБЫ къыхуагъэфэща IэнатIэр щIыхь зыпылът. ЖыпIэ хъунутэкъым Мухьэмэд и IэнатIэщIэм зыри химыщIыкIыу. Педучилищэм Лэтокъуэ Гуэщнагъуэ адыгэбзэм щыхуригъэджауэ лъэпкъыбзэр фIыуэ ищIэрт, дэгъуэуи тхэрт, апхуэдэуи, парт лэжьыгъэм зэрыхэта илъэс бжыгъэм, областым къыщыдэкI газетхэми ядэлажьэ зэпытащ, гъащIэм и лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэр къиIэту, купщIафIэу и псалъэ утыку щыжиIэу.

Мухьэмэд сыт щыгъуи хабзэфIу къилъытэрт имыщIэм щIэупщIэныр. АтIэ, зэупщIын защIэт зыхыхьа гупыр, къыкъуэува журналист IэкIуэлъакIуэхэр - Мамхэгъ Жыхьэбэн, Хьэгъундокъуэ Рэмэзан, Бахътыр Исмэхьил, Брат Хьэбас, Дэбагъуэ Мухьэмэд... ИкIи, лэжьэгъу щыпкъэ къыхуэхъуахэм я дэIэпыкъуныгъэмрэ езыми иIэ егугъуныгъэмрэ я фIыгъэкIэ ар щIэх дыдэ журналист лэжьыгъэм, IэщIагъэ гъэщIэгъуэным щыгъуэзащ, газетыр къыдэгъэкIыным пыщIа Iуэхугъуэ гугъухэм хищIыкI хъуащ. Куэд дэмыкIыуи Къардэныр журналист IэкIуэлъакIуэхэм ящыщ хъуащ, и цIэр фIыкIэ Iуащ, «Къэрэшей-Шэрджэсым щIыхь зиIэ и журналист» щIыхьыцIэри къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Къардэн Мухьэмэд и цIэр лъэпкъым и тхыдэм къызэрыхэна IуэхуфIхэм ящыщщ адыгэ щIыналъэищым - Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым къыщыдэкI адыгэ газетхэм мазищым зэ ягъэхьэзыр номер зэхэтхэр дунейм къытехьэным и къежьапIэм зэрыщытар. Абы къилъытэрт адыгэ газетхэм я апхуэдэ къыдэкIыгъуэхэр зэбгрыдзауэ псэу лъэпкъыр, зэкъуэшхэр нэхъри нэхъ зэпэгъунэгъу щIыным хуэлажьэу. И къэпсэлъэныгъэхэми къыщыхигъэщ зэпытт а Iуэхугъуэм республикэхэм я экономикэм, щэнхабзэм, гъэсэныгъэм, егъэджэныгъэм, цIыхухэм я узыншагъэр хъумэным ехьэлIауэ сэбэп къызэрихьыр, хэгъэгухэр нэхъыбэрэ зэрызэкIэлъыкIуэр, зэрызэрылъагъур. Уеблэмэ, адыгэ газетхэм я щапхъэм ирикIуэри, а зэманым урысыбзэкIэ республикищым къыщыдэкI газетхэми номер зэхэтхэр къыдагъэкIын щIадзат...

Мухьэмэд и къекIуэкIыкIам ухэплъэжмэ, ар зауэм, зауэ нэужь илъэс хьэлъэхэм зи сабиигъуэри щIалэгъуэри хиубыдахэм ящыщщ. 1935 гъэм Али-Бэрдыкъуэ къыщыхъуащ. 1942 гъэм и адэ Хьэсанэ зауэм щыхэкIуадэм, сабииплI къызыхуэна и анэ Кулымжанрэ и анэшхуэ Iэминатрэ я сабий пажэр Мухьэмэдти, пасэ дыдэу щIалэ цIыкIур щIэгъэкъуэн яхуэхъуащ абыхэм. Ар унагъуэ IуэхукIи еджэнкIи щапхъэт. АтIэ, и адэр щIэхъуэпсу щытат и быным щIэныгъэ яIэным. ИкIи, зауэм щыдэкIым и щхьэгъусэми и анэми къайлъэIуат, дауэрэ гугъу емыхьами, сабийхэр щIэныгъэншэу къамыгъэнэну. ИкIи, Хьэсанэ и лъэIур ягъэзэщIэн щIадзат Мухьэмэдкlэ. Къуажэ еджапIэр къыщиухым, Черкесск дэт педучилищэм ягъэкIуащ. Пэжщ, анэми, нанэми къагурыIуэт хуабжьу гугъу зэрехьынур. Арами, абы еувэлIащ. Я щIалэми гугъу къыдехьахэр къиущхьэкIуакъым - диплом плъыжькIэ педучилищэр къиухащ.

ЖыIэпхъэщ Мухьэмэд комсомол лэжьыгъэми жыджэру зэрыхэтар. Хьэбэз райкомым и секретарь IэнатIэр къыхуагъэфащэри хъарзынэу лэжьащ. Иужьым къыкIэлъыкIуащ партым и райкомым щылэжьэнри... Апхуэдэу, щIэныгъэ куу, гъэсэныгъэ нэс, цIыхугъэ ин зыхэлъа Къардэн Мухьэмэд сыт хуэдэ лэжьыгъэ бгъэдэмытами, и напэм ебэкъуакъым, и щIыхьыр лъагэу и IэнатIэм бгъэдэтащ.

Апхуэдэу, Мухьэмэд лъэIукIэ зыкъыхуагъазэри, и пщэ къралъхьэ республикэ телевиденэм и лэжьыгъэр зэтриухуэну. ЖыпIэнурамэ, мыбдежми мащIэкъым Мухьэмэд гугъуехьу зыхуэзар. Абыхэм ящыщт лъэпкъитхум я бзэкIэ нэтынхэр езыгъэкIуэкIын



лэжьакIуэхэр къэгъуэтын зэрыхуейр. МащIэ дыдэт телевиденэм щылэжьэфыну журналистхэр. Арами, а гугъуехьри щIыхь пылъу Мухьэмэди, ар зи унафэщI гупми къызэранэкIауэ щытащ. Нобэ лъэпкъыбзэхэмкIэ къыдэкI нэтынхэм хэгъэгури, дуней псом адыгэу тетри ягъэгуфIэ.

И ныбжь нэсу пенсэм кIуа нэужьи, Мухьэмэд Iуэхуншэу щысакъым. 1989 гъэм къыщыщIэдзауэ ар и унафэщIу щытащ Къэрэшей-Шэрджэсым и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм икIи а пщэрылъыр нэгъэсауэ игъэзэщIащ.

Къардэн Мухьэмэд хуэгъэзауэ ар зыцIыхуу щытахэм зыжьэу къыбжаIэфынущ ар дэнэ щымылэжьами, сыт хуэдэ гуп яхэмытами, цIыхум дзыхьрэ пщIэрэ яхуищIу, цIыхугъэшхуэ хэлъу дунейм зэрытетар. Апхуэдэущ ди гум къызэринэжари.

**ЩОХЪУЖЬ Лусанэ.**



Редакторищыр зочэнджэщ: Дэбагъуэ Мухьэмэд, Къуиикъуэ Асфар, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. *2000 гъэ*



БрантIы Казбек («Адыгэ макъ»)



Шал Мухьэмэд («Адыгэ псалъэ»)



Бэгъущэ Азэмэт («Адыгэ макъ»)



Джэрыджэ Арсен («Адыгэ псалъэ»)

# Псы уэрым хуэдэу къызэщIэрыуа Iуэху



## «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я номер зэхэтхэр илъэс 30 ирокъу

**Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкI газетхэм я япэ номер зэхэтыр 1989 гъэм дунейм къытехьауэ щытащ. Ар лъэпкъымкIэ къэхъукъащIэт, сыту жыпIэмэ хэгъэгуищым адыгэу щыпсэур нэхъри гъунэгъу зэхуэзыщIын, зэрызэрыгъэцIыхун Iэмал хьэлэмэтт. Шэч хэлъкъым - жэуаплыныгъэ зыпылъ Iуэхут къэрахьэжьар икIи абы лъандэрэ дэкIа илъэс 30-м къриубыдэу номер зэхэтхэр къызэрыдэкIым, ахэр кIуэ пэтми нэхъ гъэщIэгъуэн зэрыхъум тепщIыхьмэ, икъукIэ гупсысэ гъэхуат, жэрдэм угъурлыт къыхалъхьар.**

**АтIэ, дауэ къехьэжьа хъуа мы Iуэхур, хэт абы хэлIыфIыхьар, сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэтурэ къекIуэкIа? Абыхэми, нэгъуэщI упщIэхэми теухуауэ щытащ иджыблагъэ Зэубыд Ахьмэд къызэрыддэгуэша и псалъэр.**

ЯПЭ ДЫДЭУ къыдэкIауэ щыта номер зэхэтым итщ «ПщыхьэщхьитI» зи фIэщыгъэ, Хьэткъуей Мурат теухуа, Зэубыд Ахьмэд и тхыгъэр. Ахьмэд «Черкес хэку» газетым 1978 - 2002 гъэхэм щылэжьащ. Илъэс 15-кIэ редакцэм и профсоюз къудамэм и пашэу щытащ. Куржы-Абхъаз зауэр къыщежьам, газетым къыбгъэдэкIыу яунэтIри, зауэр щекIуэкI щIыпIэм тхьэмахуитIкIэ щыIащ, и нэкIэ илъэгъуа псори иужькIэ къритхэкIыжауэ щытащ.

Зэубыдым и къалэмыр жану зэрыщытымкIэ щIэджыкIакIуэм фIыуэ ецIыху, и лэжьыгъэфIым папщIи «КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист» цIэр къыфIащащ. 2002 - 2015 гъэхэм Зэубыдыр «Хуитыныгъэ» радиом щылэжьащ, ноби журналистикэм жану хэтщ, политикэми, бэдаущ гъащIэми щыгъуазэщ. Ахьмэд Москва дэт литературэ институтым щыщеджами игъэунэхуащ зэныбжьэгъугъэм и къарур, узыщыщым нэмыщI, нэгъуэщI лъэпкъхэми уагурыIуэу уадекIуэкIыным и мыхьэнэр.

- Номер зэхэтхэр къыдэкIа нэужь, республикищым ящыщ зым зэIущIэ щедгъэкIуэкIыжырти, къыдэкIыгъуэхэр зэрыхъуам, тхыгъэ нэхъ къыдэхъулIахэм, дяпэкIэ гулъытэ зыхуэщIыпхъэхэм, нэгъуэщIхэми дрипсалъэрт. Ари зэдэлэжьэныгъэр, зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным икъукIэ хуэщхьэпэт.

Номер зэхэтхэр щIын жэрдэмыр къызыбгъэдэкIар сщIэжыркъым, ауэ аракъым мы Iуэхум нэхъыщхьэр. АтIэ, апхуэдэ жэрдэм къызэрырахьэжьара къудейрщ. Ар республикищми я анэдэлъхубзэ газетхэм я журналистхэм зэдэтщтэри, адэкIи пытщащ. Адыгэми, нэгъуэщI лъэпкъым къыхэкIами, лъэпкъыцIэр щIызепхьэн щыIэкъым апхуэдэ Iуэхум, абы хуэдэхэм я мыхьэнэр къыбгурымыIуэмэ. Арати, дызэчэнджэщурэ япэ лъэбакъуэхэр тчауэ щытащ. ДыIэнкуну етшэжьа Iуэхум зиужьащ. Республикищу дыгуэшауэ нобэ дунейм дытет щхьэкIэ, дызылъэпкъщ, ди тхыдэри зыщ. Ар зыщыдмыгъэгъупщэу, щIэблэм я зэхэщIыкIымрэ щIэныгъэмрэ хэдгъахъуэу, мис мыпхуэдэ номер зэхэтхэмкIэ, зэдэлэжьэныгъэкIэ дгъэбэгъуэн хуейщ ди зэпыщIэныгъэр.



Зэубыд Ахьмэд

Шэч хэмылъу, апхуэдиз гъуэгуанэ къэзыкIуа номер зэхэтхэм я щIыкIэми зэхэгъэувэкIэми зэхъуэкIыныгъэхэр ягъуэтащ. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, къыщедгъэжьа дыдэхэм мыпхуэдэ къыдэкIыгъуэхэм хэхауэ щхьэщIэдзапIэ яIэу, Iуэху пыухыкIам теухуауэ щытакъым. Журналист къэс езыр зыщылажьэ къудамэм нэхъ гъэщIэгъуэну зрихьэлIа Iуэхухэм, цIыхухэм ятетхыхьырт икIи щIыхьу къилъытэрт апхуэдэ и тхыгъэр номер зэхэтым кIуэныр. Сэ сыщылажьэ къудамэхэм ехьэлIа тхыгъэхэр спортым, гъуазджэм теухуат, а къудамэхэм я цIыху цIэрыIуэхэр гъунэгъу республикэхэми къазэрезгъэцIыхуным сыхуэпабгъэу хъыбархэр, очерххэр згъэхьэзырырт. Апхуэдэу, республикищми ялъагъуну, зэджэну тхыгъэхэм дэтхэнэ журналистри нэхъри елIалIэрт.

Ди зэманыр къэтщтэнщи, гуапэ мыхъуу къанэркъым зэгуэр къедгъэжьа Iуэхум пыщэ зэриIэр. Номер зэхэтхэр купщIафIэщ, гъэщIэгъуэнщ, лъэпкъым и цIыху цIэрыIуэхэм, тхыдэ мыхьэнэ зиIэ Iуэху зэхуэмыдэхэм теухуащи, щIэджыкIакIуэншэ хъуркъым.

КъинэмыщIауэ, адыгэбзэр щыхупIэм щыщхьэщыува ди зэманым мыхьэнэшхуэ иIэщ щIэблэм я анэдэлъхубзэр, я лъэпкъ тхыдэр ящIэным. АбыкIэ анэдэлъхубзэкIэ къыдэкI газетхэм къалэнышхуэ яхь. Унагъуэхэм зэрыщеджэм къыщымынэу, еджапIэхэми, щIэнгъуазэ, библиотекэ IуэхущIапIэхэми къыщагъэсэбэп ахэр. АтIэ, республикищми я гурыгъури, я гурыфIыгъуэри къыщетхэкIа номер зэхэтхэри, къызэрыкIуэ зи чэзу къыдэкIыгъуэхэри анэдэлъхубзэм, лъэпкъым и тхыдэм, и гъащIэм, и псэукIэм и дэфтэрщ, и хъумакIуэщ жыпIэ хъунущ. Зэкъуэш республикэхэм апхуэдэ зэдэлэжьэныгъэ яку зэрыдэлъым лъэпкъым зрегъэужь икIи ар жэуаплыгъэ ин зыпылъ Iуэхущи, дяпэкIи зиужьыну догугъэ, - жеIэ Зэубыд Ахьмэд.

**ТУАРШЫ Иринэ.**

# Литературэми газетми гуащIэ ин хелъхьэ

**Илъэс 25-м щIигъукIэ адыгэ газетым купщIафIэу щылэжьащ лъэпкъ журналистикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ мымащIэ хуэзыщIа, а IэщIагъэми, творческэ Iуэхуми икъукIэ хуэIэрыхуэ, ди лэжьэгъу нэхъыжьыфI Хьэпэнцlыв Сэфарбий Жамбот и къуэр.**

СЭФАРБИЙ и гуапэу игу къегъэкIыж адыгэ республикищым я лъэпкъ газетхэм я номер зэхэтхэр къыдэкIын щрагъэжьа зэманри, ар къезыхьэжьауэ щытахэм гукъыдэжрэ гушхуэныгъэрэ яхэлъу а Iуэхур зэрагъэкIуэтауэ щытари.

- Хьэлэмэтыщэт а жэрдэмыр къызэрырахьэжьар - адыгэ газетищым я номер зэхэт къыдагъэкIыну зэраубзыхуауэ щытар. Абы зэуэ гъунэгъу дызэхуищIат зэкIэщIэдзауэ псэу ди лъэпкъыр. ГазетымкIэ ди щIэджыкIакIуэхэр щыгъуазэ тщIын щIэддзат Адыгэ Республикэм къыщыхъу щэнхабзэ, лъэпкъ Iуэхухэм, КъБР-м щекIуэкI пшыхь гъэщIэгъуэнхэм, а хэгъэгухэм щыпсэууэ ди лъэпкъым къыхэкIа цIыху цIэрыIуэхэм. ИкIи, а Iуэху дахэм къыпэджэжат ди хэгъэгум щыпсэу адыгэхэри. Пэжщ, зы зэманкIэ а номер зэхэтхэр къыдэгъэкIын Iуэхур зэпыуауэ щытащ. ИтIанэ ирагъэжьэжат Дэбагъуэ Мухьэмэд газетым и редактор щыхъуам.

ФIагъыу хэлъыр гъунэншэт мы Iуэхум. АтIэ, адыгэ псэлъэкIэ зэхуэмыдэхэм ди хэгъэгум щыпсэухэр щыгъуазэт, литературэкIэ дызэхъуажэрт, ди ехъулIэныгъэхэр зэдгъэлъагъурт, а псоми къыдэкIуэу, лъэпкъыр нэхъри нэхъ быдэу зэпыщIа хъурт. Аратэкъэ нэхъыщхьэр?!

Абы лъандэрэ къыдэкIа газети 120-м щIигъум уриплъэжмэ, лъэпкъым и тхыдэр абыкIи купщIафIэ дыдэу къэгъэлъэгъуа хъуауэ къызолъытэ. УзыфIэмыкIыжынщ номер зэхэтхэм япкъырылъ къарур, абы лъэпкъыр зэрызэригъэубыдыр. Нэхъри ефIакIуэурэ а газетхэр ягъэхьэзыр. Ди лъэпкъыр, абы хуэлажьэ журналистхэр, бзэр зыхъумэхэр нэхъри Тхьэм тхуигъэбагъуэ, - къыддэгуэшащ Сэфарбий.

1936 гъэм Хьэбэз районым хыхьэ Зеикъуэ (ХьэтIохъущыкъуей) адыгэ къуажэжьым къыщыхъуащ Сэфарбий. Илъэсибл еджапIэр къиуха нэужь, щIалэ гурыхуэм и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Черкесск къалэм дэт педучилищэм. IэщIагъэрылажьэ ныбжьыщIэм зыщалъхуа къуажэм игъэзэжри, пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэу лэжьэн щIидзащ.



Хьэпэнцlыв Сэфарбий

ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыным щIэхъуэпс Сэфарбий а гурылъри къехъулIащ - Ставрополь къэрал пединститутым щIэтIысхьащ 1958 гъэм. Абы и естественно-графическэ факультетыр къэзыуха Сэфарбий илъэс 13-кIэ къуажэдэс щIалэгъуалэр иригъэджащ. ИтIани, творческэ, щэнхабзэ Iуэхум и псэр зэрыдихьэхыр нэхъыщхьэ хъури, зы зэманкIи Къэрэшей-Шэрджэс областым щэнхабзэм епха IуэхущIапIэм и унафэщIуи щытащ.

1970 гъэм «Ленин нур» газетым уври, 1996 гъэм пенсэм кIуэху, абы гуащIафIэу щылэжьащ. И нэхъыбэм и нэIэм щIэтар щэнхабзэ къудамэращ. Щытащ литературэ лэжьакIуэу, корреспондент нэхъыжьу, экономикэмкIэ къудамэм и редактору, унафэщIу.

Илъэсибл еджапIэм щыщIэса зэманми и студентыгъуэми абы и усэ цIыкIухэр, рассказ мыинхэр къытехуэу щытащ газетхэм. Сэфарбий и IэдакъэщIэкIхэр ихуащ Къэрэшей-Шэрджэсым и тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я сборникым. Апхуэдэ тхылъхэр 1956 гъэм щегъэжьауэ 1982 гъэм къриубыдэу, илъэс къэси дунейм къытехьэрт. Ставрополь тхылъ тедзапIэм и Къэрэшей-Шэрджэс къудамэм 1975 гъэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкIащ и усэ 20-м щIигъу зэрыт «Джэ макъ» («Зовущий голос») тхылъыр). А тхылъ тедзапIэ дыдэм 1983 гъэм къыщыдэкIауэ щытащ Хьэпэнцlыв Сэфарбий «СлIо-тIэ пщIэнур?» фIэщыгъэр зиIэ и тхылъыр, гушыIэ, ауан рассказ, новеллэ 36-рэ щызэхуэхьэсар...

Хьэпэнцlыв Сэфарбий 1976 гъэм щегъэжьауэ СССР-м и Журналистхэм я союзым хэтщ, 1994 гъэм «КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ.

Пенсэм зэрыкIуэрэ илъэс тIощIым щIигъуами, Сэфарбий зэпигъэуркъым и журналист, литературэ лэжьыгъэр, и творческэ зыужьыныгъэр. Абы щыхьэт тохъуэ тхакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIауэ газетым къытехуэ тхыгъэхэр, очерххэр, рассказхэмрэ усэхэмрэ...

**АБИДОКЪУЭ Лусанэ.**



Аргун Олег



Шорэ Ахьмэд



Къантемыр Тыркубий



АбытIэ Владимир



Даур Жэхьфар



Идрис Назир

● «Черкес FM» радиом теухуауэ

# Адыгэбзэр зыІэщІэхухэм сэбэп яхурехъу!



**«Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я номер зэхэтхэр илъэс 30 ирокъу**

***Ди газетымкІэ хъыбар зэрывэдгъэщІащи, щэкІуэгъуэ мазэм продюсер цІэрыІуэ Хьэцей Тимур и жэрдэмкІэ къызэІуахащ «Черкес-FM» радиостанцыр. Мазэм щІигъуауэ лажьэ адыгэ радиом и ехъулІэныгъэхэмкІэ къыддэгуэшэну ди хьэщІэщым къытхуеблэгъащ радиостанцым и гъэзэщІакІуэ унафэщІ ГъукІакъуэ Идар.***

- ХЬЭЦЕЙ Тимур куэд щІауэ зыщІэхъуэпс Іуэхугъуэт адыгэбзэкІэ лажьэ радио къызэригъэпэщыныр. ХъыбарыщІэхэм къищынэмыщІа, нэтын зыбжани догъэхьэзыр. Псалъэм папщІэ, «Удыхьэшхынумэ, къеблагъэ» нэтыныр махуэм 12-рэ къыдот, пщыхьэщхьэкІэ цІыхухэм Іэмал яІэщ таурыхъхэм едэІуэну. Шэч хэмылъу, а псор зытещІыхьар ди лъэпкъ щэнхабзэр хэІущІыІу зэрытщІынырщ.

Фигу къэзгъэкІыжынщи, «Черкес-FM»-м и лъэтеувэр щэкІуэгъуэм и 6-м Іэтауэ щыдгъэлъэпІауэ щытащ Москва къалэм дэт Vegas City Hall-м. А пшыхьым къедгъэблэгъат ди артист цІэрыІуэхэр: Нэхущ Чэрим, Сокъур Ольгэ, Апэнэс Астемыр, Быштэ Азэмэт, Къэзан Сэтэней, Дзыбэ Мыхьэмэт сымэ. Апхуэдэуи нэгъуэщІ лъэпкъхэм щыщ артист пажэхэри (Каримов Ринат, Третьяк Татьянэ, Царикати Феликс) къэтшащ, езыр-езыру дызыхэтІысхьэжауэ мыхъуу, адрейхэми дадэлэжьэну, ди щэнхабзэр хэІущІыІу тщІыну дызэрыхуейр къридгъэлъэгъуэн мурадкІэ. СызэреплъымкІэ, ари мыхьэнэшхуэ зиІэщ. Абы и щыхьэту къыщІэкІынщ а пщыхьэщхьэм Каримов Ринат утыкум щыжиІар: «Мыпхуэдэ пшыхь сыкъызэрырагъэблэгъам срогушхуэ, псом хуэмыдэу адыгэбзэкІэ уэрэд жысІэну сызэригуапэр къыхэзгъэщыну сыхуейт». Пэжыр жыпІэмэ, апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр куэдым ягу ирихьащ.

**- Идар, радиом сыт хуэдэ щІыпІэхэм ущедэІуэфыну?**

- Радиор телефоным требгъатхэ гуэдзэнщ (приложениещ) икІи нобэ абы ущедэІуэфынущ Урысей Федерацэм, Тыркум, Сирием, Иорданием, США-м, Израилым, нэгъуэщІ къэралхэми. Ауэ иджыпсту ар зэрылажьэр адыгэбзэрэ урысыбзэкІэщ. Гъатхэм ди мурадщ нэтынхэр иджыри бзиткІэ дгъэхьэзырыну: тыркубзэрэ хьэрыпыбзэкІэ. ДызыхущІэкъур гурыІуэгъуэу къыщІэкІынщ - адыгэхэр щыпсэу къэрал псоми далъэІэсыну, ди Іуэху зыІутым, псэукІэм, хабзэм, щэнхабзэм ахэр хэдгъэгъуэзэну дызэрыхуейрщ.

**- Радиом елэжь гупым и гугъу къытхуэпщІамэ арат.**

- ІуэхущІапІэм гупыфІ зэригъэуІуащ. Псом хуэмыдэу ди лэжьыгъэм къыдошалІэ зэфІэкІ зиІэ, зэчий зыбгъэдэлъ цІыхухэр. Псалъэм папщІэ, гушыІэхэмрэ таурыхъхэмрэ къеджэр ди Къэбэрдей къэрал театрым и актёр пажэхэращ, къыддоІэпыкъу щІыпІэ телевиденэм и редакторхэри. Техникэ лэжьакІуэхэм я гугъу пщІымэ, абыхэм яхэтщ Black Star радиом щылэжьахэр. Апхуэдэуи Езанэ каналым и дикторхэр къыддолажьэ. ЖысІэнуращи, Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ ІэщІагъэлІхэр зэхуэтшэсащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр зыгъэзащІэхэр цІыхуи 8 мэхъу, ауэ Іуэхум къетшалІэм и бжыгъэр жыпІэмэ, 25-м щІигъуу къыщІэкІынущ.

**- Нэтыным кІуэну лэжьыгъэхэр дауэ къызэрыхэфхыр, Идар?**

- Пэжыр жысІэнщи, хъыбарыщІэхэри, таурыхъхэри, макъамэхэри къыщыхэтхкІэ кхъузанэм щІэдмыгъэкІауэ эфирым дгъакІуэркъым. Сыту жыпІэмэ, дэ мыхьэнэшхуэ идот «утыку къитхьэ» лэжьыгъэм купщІэ щІэлъын зэрыхуейм. Ар къыддэлажьэ артистхэм яжыдоІэри, ахэри хущІокъу я лэжьыгъэр нэхъыфІ зэращІынум. Абы и лъэныкъуэкІэ цІыху куэдым я гупсысэ Интернетым щатхащ, къыхэтх уэрэдхэмрэ макъамэхэмрэ ягу зэрырихьыр, зэрытемызашэр къыхагъэщу. Ди уэрэджыІакІуэ пажэхэм къищынэмыщІа, къыдэдаІуэхэм фІыуэ ялъэгъуащ Иуан БетІал, ГъукІэ Ислъам, КІыщхэ Ислъамрэ Каринэрэ я уэрэдхэр, нэгъуэщІхэри.



ГъукІакъуэ Идар

Мы зэманым таурыхъыу 100-м щІигъу диІэщи, махуэ къэс абыхэм дахэплъэурэ нэтыным дгъэкІуэнур къыхыдох. А Іуэхум набдзэгубдзаплъэу дыбгъэдохьэ, сыту жыпІэмэ абыхэми къащыхэкІ щыІэщ ди зэманым къемызэгъ псалъэхэр е Іуэхугъуэ гуэрхэр къыщыІуэта пычыгъуэхэр яхэту. Пщыхьэщхьэ къэс сыхьэт 21:30-м гущэкъу уэрэдхэр къыдот.

**- Радиом зэрызевгъэужьынум ехьэлІауэ фиІэ мурадхэр сыт хуэдэ?**

- Радиом и рубрикэхэм зедгъэубгъунущ. Абыхэм ящыщу къыхэзгъэщынут Апэнэс Астемыр иригъэкІуэкІыну «Фи пщэдджыжь фІыуэ» нэтыныр. КъищынэмыщІауэ, сабийхэри мы Іуэхум къыхэтшэнущ, усэхэм къедгъаджэу. Видео-нэтын щхьэхуэ дгъэхьэзырынущ, цІыхухэм сэлам щызэрах хъуну. Псалъэм папщІэ, Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъум хэкурысхэм абдеж защыхуигъэзэфынущ, хъуэхъу тхыгъэхэр къагъэхьыфынущ. Апхуэдэуи тхьэмахуэм и кІуэцІкІэ нэхъыбэрэ зэдэІуэну яфІэфІ артистхэр щыдгъэбелджылыну нэтын диІэнущ. Зи гугъу сщІы псори тыншкъым, жэуаплыныгъэ зыхэлъщ, ауэ гукъыдэж диІэщи, дыхущІэкъунущ едгъэжьа Іуэхур екІурэ-ещхьу зэрыдгъэзэщІэнум.

Къалэну зыхуэдгъэувыжар адыгэбзэкІэ радио къызэрызэІутхыным деж къыщынэркъым, атІэ, зэрыжысІауэ, икъукІэ мыхьэнэшхуэ идот ди Іуэхур къызыхуэтыншэу къызэрызэдгъэпэщыным, ар иджырей мардэхэм тету зэрыдгъэлэжьэным.

**- Сыт хуэдиз цІыху иджыпсту къывэдаІуэрэ?**

- Радиор къыщызэІутха япэ махуэ дыдэм ар зи телефонхэм тезыгъэтхахэм я бжыгъэмкІэ Урысей Федерацэм 52-нэ увыпІэр щыдубыдащ, нэхъыбэрэ къыщагъэсэбэп приложенэ 200-м ящыщу. Нобэ цІыху мини 10-м нэблагъэ йодаІуэ «Черкес FM»-м. СызэреплъымкІэ, зэман гъунэгъум абы нэхъыбэж къызэщІиубыдэнущ, Тыркум, Иорданием, Сирием, Израилым щыпсэу ди лъэпкъэгъухэри ди радиом едаІуэу хъумэ. Иджыри къэс мыпхуэдэ диІакъым икІи си гугъэщ щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэмкІэ адыгэбзэр зыІэщІэхуахэми ар сэбэп яхуэхъуну, абы къыдихьэхыжыну.

*Епсэлъар* **БАГЪЭТЫР Луизэщ**.

**КІЫЩОКЪУЭ Алим**

## Зеич лантІэ

Зеич лантІэу гъэшыгъуафІэ,
Си адыгэ хэку.
Хэку гъэфІэну сиІэ закъуэ,
Си адыгэ хэку.
Зи щІасэгъуухэр зи жагъуэгъум,
Си адыгэ хэку,
Хигъэгъуащэу зи мыхабзэ,
Си адыгэ хэку.
Узижагъуэр псым хрепкІэ,
Си адыгэ хэку,
КІэлъыхэпкІэри епкІыхыу,
Си адыгэ хэку.
Уи жьэгу мафІэ щыужьыхым,
Си адыгэ хэку,
Дэп жьэражьэ сыпхуэхъункъэ,
Си адыгэ хэку.
Къуэш псы уэру сыкъехуэхми,
Си адыгэ хэку,
Пшахъуэ налъи пщыщ исхакъым,
Си адыгэ хэку.
Зы уІэгъэ уэ къыптехуэм,
Си адыгэ хэку,
УІэгъищэу зыхызощІэ,
Си адыгэ хэку.
Дыщэ шууэ сыкъихьэжым,
Си адыгэ хэку,
Сэламыхьу сынытхуокІуэ,
Си адыгэ хэку.

## Гъуэгу къежьапІэ

«Адыгэбзэр сыт щІэдджынур,
Зыдынэсыр КъалэкІыхьырщ», -
Ар ауану Іэджэм жаІэр,
Мышыу псалъэм тІэкІу хэчыхьу.
ЩызэхэсхкІэ сэ а псалъэр,
А гушыІэр сигу темыхуэ.
Станцым нэскІэ унигъэсмэ,
Ар бзэм дежкІэ уфІэмащІэ?
Бзэр шу лъагъуэм хузогъадэ,
Бгъуэзэу щытми, станцым нос.
Унэсакъэ, гъущІ гъуэгушхуэм
Къыщыппэплъэу тетыр поездщ.
Уи гъуэгуанэр жыжьэу щытрэ,
УкІуэфынум къыумыгъазэу -
Шым епсыхи, кІуэ мафІэгукІэ,
Тетщ а гъуэгум вагъуи мази.
Сэ шу лъагъуэр зэпызмычу,
ГъущІ гъуэгушхуэм сытехьакъым,
Адыгэбзэр зэзмыгъащІэу,
Урысыбзэр сщІэн слъэкІакъым.
Іуащхьэмахуэ телъ уэс къабзэу,
Сянэм и бзэр сэри сфІэфІт!
Си букварыр зэІусхауэ
Сыкъеджамэ, махуэр уэфІт.
Ноби школым кІуэм а тхылъыр
Я блэгущІэм цІыкІухэм щІэлъщ,
Урысыбзэм и гъуэгушхуэм
Нытехьэну я гум хэлъщ.
Адыгэбзэр, хэт фІэгугъуми,
Ещхьщ си дежкІэ псыІэрышэм.
Ар уэрэду зэхызохыр,
Къуэрши губгъуи къыдэушу.
Хэт ухуейми сыкъыдожэ,
Іэджэм япэ сэ сищащ.
Адыгэбзэу си шы Іэсэм
Шы тесыкІэ сигъэщІащ.
Ар си гъуэгум и къежьапІэщ,
Ар си дамэщ, ар си напщІэщ,
Ар сымыщІэу щытыгъатэм,
КІэщІ дыдэнут сэ си гъащІэр.
Сянэм и бзэу си нэм хуэсхь,
Уэ къыптехуэр схуохъу удын.
Гъуэгу тетыныр сэ щызухкІэ,
Уи Іэр сІыгъыу сыухынщ.



ХьэфІыцІэ Мухьэмэд



Дербэ Тимуррэ Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэрэ



Жыласэ Заурбэч



# Куэд елъытащ цIыхубзхэм

***Адыгэ тхьэмадэ, шынэхъыжьыфI МыгъуэлI Садыкъ Сирием щыщщ. Магнитофон плёнкэм тетхауэ абы хэкужьым ис адыгэхэм къытхуигъэхьа псалъэм къыхощ Садыкъ и гупсысэр, губзыгъагъэр, адыгэ лъэпкъым и Iуэхум ар зэреплъ щIыкIэр.***

***МагнитофонкIэ дыщедэIуэжым, дэ зыхэдмыщIэу къэнакъым лIыжьым и псэлъэкIэ къудейм адыгэбзэм и шэрыуагъыр, и дахагъыр наIуэу къызэрыхэщыр.***

КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыку.

СИ КЪУЭШХЭ! Си шыпхъухэ! Япэрауэ, си макъыр зэхэзых адыгэ псоми сэлам гуапэ фызох! КъищынэмыщIауэ, тIэкIу сымытхьэусыхэу схуэшэчынукъыми, къысхуэвгъэгъу. Дызыгъэтхьэусыхэр илъэсищэрэ щэ нықъуэм нэсауэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыпсэу адыгэхэм ди хабзэр тIэщIокIри аращ. ТIэщIэкIыр къытхуэубыдыжыркъым, тфIэкIуэдар къытхуэгъуэтыжыркъым. Ар дауэ ухъу жыфIэмэ, ди бзэкIэ дызэремыджэр, адыгэбзэкIэ дызэрымытхэр икъукIэ зэран къытхуохъу. Ди бзэкIэ демыджэми, ди бзэкIэ дымытхэми, ди бзылъхугъэхэм лIыгъэ яхэлъу щыпсэуам ди бзэми хабзэми хэщIыныгъэ щIагъуэ яIакъым. Ауэ ди бзылъхугъэхэр лъэпкъымкIэ хуэмыху щыхъум, ди бзи, ди хабзи зэIыхьэу хуежьащ.

Иджы, ди шыпхъу цIыкIухэ, адыгэ бзылъхугъэр хуэмыху хъуащ зэрыжысIэр зи щхьэ иризыгъэжэни щыIэнщ. Ауэ сэ жысIэр гуауэ ямыщIу, къызэдэIуамэ си гуапэт.

Си къуэшхэ! Си шыпхъухэ! Адыгэр адыгэ, лIы зыщIар адыгэ бзылъхугъэрщ. Гущэм хэлъ адыгэ сабийр гъымэ, быдзышэ Iурызылъхьэр адыгэ бзылъхугъэрщ. АдыгэлIыр и псэ емыблэжу бланэ зыщIар адыгэ бзылъхугъэрщ. Анэ быдзышэмрэ анэм игъэжьа щIакхъуэмрэ я гъусэу дяпэкIи сабийм адыгэбзэр Iуралъхьэну ди бзылъхугъэхэм долъэIу.

Сабийр зэкIуэцIыпхауэ гущэм хэлъщ. Абы анэдэлъхубзэр езыгъэщIэн хуейм иримыгъащIэмэ, жезыIэн хуейм жримыIэмэ, дэнэ кърихыну, дэни къыщигъуэтыну а тхьэмыщкIэм и анэдэлъхубзэр?

Гущэм къыхэкIа нэужь, и лъэпкъыр имыщIэжу, и бзэр имыщIэжу дунейм темытынкIэ Iэмал имыIэу сабий тхьэмыщкIэм и лажьэр сыт? Апхуэдэ тезыр тралъхьэну сыт хуэдэ бзаджагъэ абы ищIар?!

Адыгэм нэхъ игъафIэу, нэхъ илъытэу и псэр къурмэн зыхуищIыр бзылъхугъэр аращ. Абы къыхэкIыуи, си анэм и хьэтыркIэ, бзылъхугъэхэм си псалъэр язохьэлIэ. Сэ нобэ си анэм жесIэнум хуэдэ фэри зэгуэр фи бынхэм къывжаIэнщ. Апхуэдэу щыхъукIэ, щхьэжэ зыщывмыгъэхъуу фыкъедэIу.

Си анэу си анэ лъапIэ! Адыгэм мы дунейм леишхуэ къыщытехьащ. Ар псоми дигу къоуэ. Си гукъеуэр уэ ныбжезмыIэмэ, зыжесIэн сиIэкъым. Адыгэр мы щIы хъурейм икъухьауэ дыкъытенащ.

«ЛIы ухъуну ухуеймэ, лIым ящIэр ядэщIэ», - жыпIэри, сыкъыдэбгъэкIащ. Иджы мы дунеишхуэр жэщ защIэу солъагъу. ЦIыху дызыхэтым дыкъызэращIэнур ди бзэмрэ ди хабзэмрэщ, дазэрыдекIунур ди лIыгъэрэ ди щхьэкIэщ, си анэ! Ди бзэр мэкIуэдри, ди адыгэми дыкъацIыхужыркъым. Ди лIыгъэр мэкIуэщIри, цIыхум дадекIужыфыркъым. Ди хабзэр мэкIуэдри - дахэтыжыфыркъым. Лъэпкъыу щыIэм яужь дыкъинауэ къысщохъу, си анэ. Я бзэкIэ еджэжхэм, тхэжхэм я IэщIагъэр Мазэм нэсащ, си анэ. Адыгэр бзэ хьэхукIэ щIакхъуэм деджэу дыкъэнэжащ. Бзэ хьэхум дытокIуэдэж. ДытекIуэдэжыну фыхуэмеймэ, ди анэхэр дэнэ фыщыIэ? Уэракъэ дэ дызибыныр, си анэ! Сыбгъэшхам и цIэр сыбгъэщIамэ, сыт ягъэ кIынт?! КъысщыптIэгъам и цIэр къызжепIамэ, сыт хъунт?! Гъуэгум дыздрикIуэм тлъагъухэм я цIэр адыгэбзэкIэ къызгурыбгъэIуамэ, ар срикъунут сызэрыадыгэр сыкъащIэу дунейм сытетыну, си анэ!..

КъызжиIакъым. СигъэщIакъым. Къызбгъэдэсар си анэращ. Си анэм къызжимыIар хэт къызжиIэну?! Си анэм симыгъэщIар хэт сигъэщIэну?! Си анэм сфIигъэкIуэда бзэр хэт къысIурилъхьэжыфыну?!

Ди анэхэ! Дыпсэуну мы дунейм дыкъытевгъэхьащ. Ди псэукIэм гур игъэузу дыкъэнэжащ. Узышхуэу диIэр ди бзэр аращ. Бзэ зимыIэж лъэпкъыр зэрымылъэпкъыжыр анэхэм схуажеIэ, си анэ!

Си шыпхъухэ! Си гукъеуэр нывжесIащ. Ерыскъы, щыгъын щхьэкIэ дылъаIуэркъым. ДыщIэлъаIуэр ди бзэрэ ди хабзэрэ тхъумэжыныр аращ.

Къупщхьэу тхэлъыр лъэпкъым зэрейр, дызэрыадыгэр быным евгъащIэ. Ди лъэпкъыр упсэу! Ди жагъуэгъур укIуэд! Тхьэм дигъэпсэухэ!

Иджы, мы къэпсалъэр хэт жыфIэмэ, си цIэр Садыкъщ, си адэм и цIэр Сэхьидщ, си адэшхуэр Хьэжумарщ. Хэкум къикIар Хьэжумарыращ. УнагъуэкIэ МыгъуэлIхэ дащыщщ. Дыкъэбэрдейщ. Си адэшхуэр зэгуэрым Къэбэрдейм къиIэпхъукIри, Адыгейм зыкъыщиIэтри, Сирием къэкIуащ. Сирием къыщыкIуэм щыгъуэ абы и гъусащ хьэжы зыбжанэ: Батырдэгу, Хьэмокъуэ, Емыш, Тенджыз, ЦIагъуэ, Амыхутэ, Балъкъэр сымэ.

Сирием щIыналъэ иIащ, Джолан жери. А Джоланым адыгэ жылэ пщыкIутI зэгъунэгъуу, я зэхуакум зы хьэрып къуажи дэмыту исащ. Нэхъ иужьыIуэкIэ, Джолан жылагъуэр щыхьэр хъури, мы лъахэм мыпхуэдэ адыгэ къуажэхэр къыщыунэхуащ: КъунейтIрэ, Мансурэ, Хьэнзиан, Мударей, Сэлмэней, Бираджэм, Бэрекъэ, Джыуезэ, Мумсие, Фэзарэ, Фэхьэм, Хъышней. А къуажэхэр зы хьэрып унагъуи къахэмысу псэуащ. Жылагъуэхэм я зэхуаку дэлъ гъуэгуанэхэр зэхуэдэтэкъым. Псалъэм папщIэ, дэ ди къуажэм удэкIыу абы пэгъунэгъу жылэм нэс укIуэнумэ, километритI дэлъу арат, ауэ километр тIощI зи зэхуакухэри щыIэт. Ауэ, сыт хуэдиз яку дэмылъами, а щIыналъэм адыгэ нэмыщI исакъым.

Ди бзи, ди хабзи, ди псэукIи тхъумэжу дыкъекIуэкIащ зыкъомрэ. Ауэ 1967 гъэм Джоланыр журтым яубыдащ. Сирием и щIыналъэмрэ Палестинэмрэ зэпылът. А щIыналъэм щыпсэу адыгэхэм илъэси 150-м зэхуахьэсаи къаугъуеяи зэрыщыту къагъанэри, а щIыпIэм къиIэпхъукIащ. Иджы абыхэм ящыщу къуажитI ягъэззэжауэ абдеж щопсэу.

**МЫГЪУЭЛI Садыкъ**.

*Сирие Хьэрып Республикэ.*

*1995 гъэ*



«Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я номер зэхэтхэр илъэс 30 ирокъу

● Фэеплъ

# Ар апхуэдизкIэ адыгэти...



Абдокъуэ Iэуесрэ Дыгъужь Къурмэнрэ

**БзэщIэныгъэлI щэджащэт Абдокъуэ Iэуес. Абы кавказыбзэхэр зыдж, къэзыхутэ щIэныгъэлI псоми пщIэшхуэрэ гулъытэшхуэрэ хуащIу щытащ. Нобэ езыр дунейм темытыжми, и тхылъхэмрэ и лэжьыгъэхэмрэ бзэщIэныгъэлIхэм я стIолым текIыркъым, езыри ягу ихуркъым.**

IЭУЕС 1944 гъэм къызэрыгуэкI адыгэ унагъуэ къихъухьащ. ЦIыху гъащIэм и нэхъ IэфIыпIэ сабиигъуэщIалэгъуэр КъШР-м щыщ ПсэукIэ Дахэ къуажэжьым щигъэкIуащ, курыт еджапIэр абы 1962 гъэм къыщиухащ. А илъэс дыдэм Налшык макIуэри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и адыгэбзэ къудамэм щIотIысхьэ.

Зы илъэс еджа нэужь, дзэ къулыкъум дашри, илъэсищкIэ Челябинск къулыкъу щещIэ. Къегъэзэжри, щIэгъэхуэбжьауэ еджэурэ, а зыхэсауэ щытахэм ялъэщIохьэж, университетри диплом плъыжькIэ абыхэм къадеухыж. Абы къигъэлъагъуэрт Iэуес еджэнкIэ лъэкIыныгъэшхуэ зэриIэр. ЕгъэджакIуэхэм ар ящIэрт икIи гулъытэ къыхуащIырт. Абдокъуэм, диссертацитI итхыу зэрипхигъэкIам нэмыщI, бзэщIэныгъэм хуэунэтIауэ тхылъ купщIафIэ куэд, лэжьыгъэ гъэщIэгъуэн дыдэхэр дунейм къытригъэхьащ. Абыхэм бзэщIэныгъэ IуэхукIэ уасэу яIэр кIуэдынукъым зэи. Псалъэм папщIэ, 1972 гъэм щIалэщIэ дыдэу къыдигъэкIауэ щытащ «Фонетические и лексические параллели абхазско-адыгских языков» тхылъыр. Абы 1976 гъэм къыкIэлъигъэкIуащ «К вопросу о генетическом родстве абхазо-адыгских и нахско-дагестанских языков» зыфIищар. Мы тхылъитIыр дунейм къытехьа нэужь, кавказыбзэхэм хуэлажьэ щIэныгъэлI пашэхэм, докторхэм, профессорхэм, академикхэм Iэуес зэрыбзэщIэныгъэлI лъэрыхь дыдэр къагурыIуащ. Ещанэу 1981 гъэм «Введение в сравнителъно-историческую морфологию абхазо-адыгских и нахско-дагестанских языков» тхылъышхуэр къыщыдигъэкIым, Абхъазым къыщегъэжьауэ Дагъыстэным щыщIэкIыжу Абдокъуэ Iэуес къэзымыцIыху бзэщIэныгъэлI щыIэжакъым. ИлъэситI дэкIа нэужь аргуэру «О звуковых и словарных соответствиях северокавказских языков» тхылъ хъарзынэр къыдигъэкIащ.

Iэуес дунейм тетыхукIэ, зы махуэ щызогъэтри, зы сыхьэт игъэкIуэдакъым. Ар пщэдджыжьым сыхьэтиплIым къэтэджырти, Iэщыр, джэдкъазыр зэрихьэрт, сыхьэтитхум къалэмыр къищтэрти, сыхьэтитI-щыкIэ бзэщIэныгъэм елэжьырт, сыхьэти 8-9-м ирихьэлIэу лэжьапIэм кIуэрти, махуэ псом студентхэр иригъаджэрт. Iэуес Къэбэрдейм щыщ Щхьэлыкъуэ къуажэм унэ зэтетышхуэ езым и IэкIэ дищIыхьауэ дэпсэухьырт.

Иужьрей илъэсипщIым тхылъ къыдэгъэкIыныр зэпыубыда хъуа пэтми, Iэуес хузэфIокI 1999 гъэм «Вопросы генетического родства северокавказских языков» тхылъыр къыдигъэкIын. ИкIи абы иужь иту «Генетическое родство западнокавказских и восточнокавказских языков» доктор диссертацэр пхегъэкI.

АдыгэлI Iущым и гуащIэм къыдэкIам и Iыхьэ тIощIанэ зыхузэфIэмыкIахэр лъэпкъ зэхуэмыдэхэм (адыгэхэри яхэту) уафэм драхьей, телевиденэм ирагъэкIыркъым. Iэуес апхуэдизкIэ адыгэти, и цIэр къыщипIуэкIэ укIытэрт. Тхьэм игъэпсэу Iэуес и цIэр гъэлъэпIэныр, абы хузэфIэкIам и куэдагъыр цIыхубэм къегъэщIэным елэжьахэр.

**ХЬЭКЪУН Барэсбий**,

*мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидат.*

*КъШР, Хьэбэз къуажэ.*

*2001 гъэ*



**Налшык**. *2014 гъэ*



**Мейкъуапэ**. *2016 гъэ*



**Мейкъуапэ**. *2016 гъэ*



**«Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я номер зэхэтхэр илъэс 30 ирокъу**

●Ди хьэщIэщым

# ЧЫГЪЭДУ Казбек: Гъуэгу тэмэм пхытшыфыну къысщохъу

*Ди газетым и электрон къыдэкIыгъуэм зэрытетащи, Налшык щыхьэщIащ Америкэ Штат Зэгуэтхэм щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу иджыблагъэ хаха Чыгъэду Казбек.*

*США-м зэрыIэпхъуэрэ ар хэтщ Адыгэ Хасэм, сыт щыгъуи лъэпкъ Iуэхум жыджэру и гуащIэ хелъхьэ. 2019 гъэм абы и тхьэмадэ къулыкъум пэрагъэуващ, илъэситI пIалъэкIэ лэжьэну. Чыгъэдур Къэбэрдей Хасэм къеблэгъати, упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.*

**- Казбек, дыщызэрыцIыхум Сирием укъызэрыщалъхуар жыпIащ. Дауэ Америкэр псэупIэ зэрыпхуэхъуар?**

- Сирием и Джолан лъагапIэхэм щыIэ адыгэ къуажэхэм я нэхъ ин дыдэ КъунейтIрэ сыкъыщалъхуащ 1956 гъэм. Илъэс 11 сыхъуа къудейуэ Израилымрэ Сириемрэ зэзэуэн щIадзэри, Дамаск дыIэпхъуащ. Аращ класс 12-р къыщызухар. А илъэсхэм куэд Iэпхъуэт Америкэм. Си къуэшищри абы кIуат.

1976 гъэм сэри си къуэшхэм я лъагъуэм сытеуващ, абы щIэныгъэ щызэзгъэгъуэтынщ жысIэри. ЩIэныгъи, IэщIагъи зэзгъэгъуэтри, сылэжьащ, иджы пенсэм сыкIуащ. Сыт щыгъуи Хасэ Iуэхум сыхэтащ, ауэ лэжьыгъэм сыкъызэрыпэрыкIрэ зэман нэхъыбэ хухызох.

**- Иджы япэу Налшык укъакIуэу ара?**

- НтIэ. Си благъэхэр, си Iыхьлыхэр слъагъуну сыкъэкIуауэ аращ. Си къуэшым и къуитI Москва щопсэу - Чыгъэдухэ Бэрзэджрэ Жэбагъырэ. Абыхэм я деж сыкъэса нэужь, Къэбэрдейм сыкъэмылъэтэн схузэфIэкIакъым.

Уэрамым сыкъыдыхьэу зысплъыхьа, хэкужьым и хьэуар жьэдэсша нэужь, си гум гъэщIэгъуэн куэд зыхищIащ, псалъэкIэ къыпхуэмыIуэтэну. Iуащхьэмахуи, нэгъуэщI щIыпIэ дахэхэми сыкIуэнущ, Анзорейрэ Къуэгъулъкъуейрэ си Iыхьлыхэр дэсщи, сыщыхьэщIэнущ.

**- Нью-Джерси штатым щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу узэрыхахрэ куэд мыщIауэ жыбоIэ, а Iуэхум сыт щыгъуи ухэтащ. Фи лэжьыгъэм утезгъэпсэлъыхьынут.**

- Пэжым ухуеймэ, Америкэм щыпсэу си лъэпкъэгъухэр зыхэсхэм яхэмыгъуэщэжыну, адыгэу къэнэну гурэ псэкIэ хуейщ, ауэ гъащIэм и жыпхъэхэр хуабжьу лъэпощхьэпо къытхуохъу. Тыншкъым хамэ къэралым адыгэу зыщыпхъумэжыну, уеблэмэ США-р абы и лъэныкъуэкIэ псом нэхъ гугъуу къызолъытэ. Инщ абы и щIыналъэр, хуабжьу щызэбгрыдзащ адыгэр. Абы ипкъ иткIэ, ди къуэшхэм къатохьэлъэ я бзэр, я хабзэр ящIэжыныр, абы тетыныр.

Хасэм лэжьыгъэ хъарзынэхэр щокIуэкI. Сэ абы адыгэбзэ щызогъаджэ. СыегъэджакIуэкъым, ауэ яжызоIэ: «Сэ сщIэ адыгэбзэм хуэдиз фэри фщIэмэ, фыкIуэдынукъым». НыбжьыщIэхэр хуейщ я бзэр ящIэну. Илъэс 15 - 20 зи ныбжь щIалэр зэи адыгэбзэкIэ мыпсэлъауэ къэкIуа нэужь, дебгъэхьэхын хуейщ, арыншамэ, тхьэмахуитI нэхъыбэкIэ пхуелIэлIэнукъым, къакIуэн щигъэтыжынущ.

НыбжьыщIэхэм я мызакъуэу, балигъхэри къокIуалIэ, бзэр зэрагъэщIэну хуейуэ. Абыхэм нэхъ «саполъэщ», инджылызыбзэр, хьэрыпыбзэр мащIэу къэдгъэсэбэпми, адыгэбзэр нэхъыфIу зрагъащIэ.

Абы нэмыщI къэфакIуэ ансамбль хъарзынэ диIэщ, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым хэта щIалэм тхуигъасэу.

**- Зи хэку исыж щIалэгъуалэм дежкIи къиинщ нобэ адыгэбзэр. Ауэ Америкэм щыпсэу адыгэхэм, мащIэми, ящIэжу пIэрэ?**

- Курыт ныбжьым итхэм мыIейуэ ящIэу жыпIэ хъунущ, ауэ щIалэгъуалэм, ди жагъуэ зэрыхъущи, яIэщIэхуащ. Сыт хуэдизу дукъуэдийми, Замирэ, сигу къыщIитхъуурэ бжызоIэ, сэ си ныбжь итхэр щымыIэжмэ, Америкэм адыгэбзэ зыщIэ исыжынукъым.

Бзэр зэбгъэщIэн щхьэкIэ фIэкIыпIэ имыIэу щхьэусыгъуитI ухуэныкъуэн хуейщ: е ар уи псэм хэлъу фIыуэ болъагъу, е ущыпсэу щIыпIэм щызекIуэ бзэращи, Iэмалыншэщ. Зы щапхъэ къыпхуэсхьынщ, Америкэм щыпсэуну хуейуэ щIалэ ноIэпхъуэ, адыгэ унагъуэ къыщыхъуауэ, псалъэм папщIэ, абы илъэсрэ ныкъуэм, илъэситIым къриубыдэу инджылызыбзэр зрегъащIэ. Сыт щхьэкIэ? Ирипсэуну хуэныкъуэщи. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ. Бзэр фIыуэ зылъагъу щыIэщ. И Iуэху дэкIыу Америкэм зы щIалэ щопсэу. Апхуэдизкiэ и гум, и псэм зэрихуэти, и анэдэлъхубзэр фIыуэ илъагъути, хэкум къэкIуэжри университетым бзэр щиджащ, адыгэ къуажэм щызэригъэщIащ. Иджы программэхэр зэхилъхьэу, адыгэбзэр зымыщIэхэм еплъурэ зэрызэрагъэщIэн дерсхэр игъэпсауэ Интернетым кърелъхьэ. Емышэ Джантийщ зи гугъу сщIыр, и хъыбар зэхэфхагъэнщ.

Мыдрей щIалэгъуалэр къапщтэмэ, «сыадыгэщ» жаIэ, я машинэхэм адыгэ бэракъым тегъэпщIащ, кирилл хьэрфхэмкIэ «адыгэ» тетхащ, а псалъэр зытет джанэхэр ящыгъщ, ауэ зэрызэпсалъэр инджылызыбзэщ.

**- Адыгэ цIыху дапщэ ис Америкэм? Фыщыгъуазэ? Нью-Джерси Хасэм куэд къекIуалIэрэ?**

- Бжыгъэ зэхуэтхьэсам тепщIыхьмэ, цIыху минищ хуэдиз дохъу. Мыр, дауи, псори зырызыххэу къэдбжакъым, атIэ бжыгъэ хуэгъэфэщащ. Паттерсон къалэмрэ абы и Iэгъуэблагъэмрэ, Калифорнием щыпсэухэр зэрыхъур тщIэну дыхуейуэ, къыхезгъэтхыкIат, си къулыкъум сыщыпэрыхьам, 3000 хъууэ къалъытащ.

Хасэм къекIуалIэр, дауи, нэхъ мащIэщ. ГуфIэгъуэмрэ гузэвэгъуэмрэ нэхъыбэ къызэхуос, ауэ махуэ къэс къакIуэр мащIэщ. Мэрем пщыхьэщхьэм, щэбэтым, тхьэмахуэм цIыхухэр нэхъ къызэхуос, щахущIыхьэр аращи.

Пэжщ, махуэшхуэхэр щедгъэкIуэкIым деж нэхъыбэ дохъу. Псалъэм папщIэ, фокIадэм лъэпкъ зэхуэсышхуэ дощI, артистхэр къыдогъэблагъэри, студенти, балигъи зыкърагъэхьэлIэ. Хэкум, лъэпкъым, бзэм, тхыдэм, хабзэм теухуа псалъэмакъхэр идогъэкIуэкI апхуэдэхэм деж, къафэмрэ джэгумрэ нэмыщI.

**- Езы Хасэм дапщэ щылажьэрэ, къыдбэлэжьэн гуп зэбгъэпэща?**

- ЦIыхуибгъу хуэдиз дызэдэлажьэу аращ. Ауэ сыхуейт дяпэкIэ щIалэгъуалэри Iуэхум къыхэсшэну. Лэжьыгъэр куэд мэхъу, куэд къызэщIэдубыдэну сыхуейщ. Иджыпсту зы цIыхум къалэнитI-щы зэдехь, ахэри нэхъ хуит хъун щхьэкIэ, илъэсыщIэ дызэрыхьэм лэжьакIуэ къезгъэблэгъэнущ.

**- Хасэм и бюджетыр къызыхэкIым сыщIэупщIэнут, Казбек. Фи Iуэху зэрыдэвгъэкIын мылъкур дэнэ къифхрэ, е фонд къызэвгъэпэща?**

- Хасэм хэт дэтхэнэ зыми хэтыпщIэ къыхелъхьэ. Ар лIэужьыгъуищу дгуэшащ: студентым, лэжьакIуэм, пенсэ ныбжьым нэсам зэрахузэфIэкIым хуэдэу ахъшэ бжыгъэр дгъэуващ, илъэс Iэджэ лъандэрэ апхуэдэущ зэрыхэтлъхьэр. КъищынэмыщIауэ, Хасэм къищэхуауэ унитI диIэщи, бэджэнду дот, кафетерий диIэщи, ари зыгъэлажьэхэм пщIэкIэ ядот. Мис абыхэм къапэкIуэ ахъшэри ди мылъкум хыдолъхьэ.

Хэлъхьэныгъэшхуэу жыпIэ хъунущ зэпымычу зыкъытщIэзыгъакъуэхэм къытхуаутIыпщ ахъшэри. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, цIыху щыIэщ, сэ сылIэжыхукIэ мазэ къэс Хасэм доллари 100, доллар 200 хэслъхьэнущ, е дыщылажьэ пэшым унэлъащIэ щIэзгъэувэнущ жызыIэхэр. КъищынэмыщIауэ, пхъуантэ диIэщ хэт сыт хуэдиз хузэфIэкIми дилъхьэу. Мы псори хъарзынэщ, ахэр къэдгъэсэбэпурэ Iуэху куэд къызыдогъэпэщ, нэхъ дызыпэмылъэщын Iуэхушхуэ гуэрхэр къыщетхьэжьэми, къыддэIэпыкъун цIыху жумартхэр дызэриIэм гур игъэкIуэдыркъым.

**- Хэкум хувиIэ пыщIэныгъэр сыт хуэдэ? МыбыкIэ къэкIуэну зи нэ къикI щыIэ?**

- Я щхьэ закъуэу, я благъэхэм, Iыхьлыхэм къакIэлъыкIуэхэр щыIэщ, ауэ куэд къэкIуэж хабзэщ схужыIэнукъым. Нобэ, Хасэм Iуэхур зэтеубла щыхъумэ, си мурадщ илъэс 15 ныбжьым ит сабийхэр къасшэурэ тхьэмахуитI-щы хуэдэ хэкужьым изгъэсыну, адыгэ къуажэхэр езгъэцIыхуну. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэ диIамэ, хуабжьу сэбэп хъунут. Кавказым щыIауэ нэзыгъэзэжар зэи америкэ цIыху хъунутэкъым.

**- Дунейпсо Адыгэ Хасэм фыхэт хуэдэми, жыджэру фыкъыдэлажьэу сэ гу лъыстакъым. Сыт ар къызыхэкIыр? Зы бэлыхь гуэр зэдэвмыщIэми, нэхъ фызэкIэлъыкIуэнт, фи гугъуехь гуэрхэр къывдигъэпсынщIэнт.**

- ДАХ-м дыпыщIаи хуэдэщ, ауэ ди тхьэмадэхэм я жыджэрагърауэ къыщIэкIынщ ар зэлъытар. Иужьрей илъэси 8-10-м ди зэпыщIэныгъэхэр мащIэ дыдэ хъуащ. Гурэ псэкIэ Iуэхум пэрыт цIыхур, дауи, хэкумкIэ нэхъ къаплъэу щытын хуейщ.

Сэ сызыпэрыхьа Iуэхум и программи згъэпсащи, абы япэ дыдэу хэтыр ДАХ-м дэлэжьэнращ. Дыщыпсэу къэралхэр тIэкIу гугъу зэрегъэхьми, къиинышэу дызэкIэлъыкIуэфын хуейщ. Сэ, псалъэм папщIэ, тхьэмахуитI нэхъ пымылъу визэ къызатащ. ИджыпстукIэ ди гъуэгур зэIухащ.

Мис мы махуэхэм сэ ДАХ-м и президент Сэхъурокъуэ Хьэутии, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэди сахуэзащ, Iуэхум теухуауэ сепсэлъылIащи, дяпэкIэ зы гъуэгу тэмэм пхытшыфыну къысщохъу.

**- Казбек, езы американхэр сыт хуэдэ цIыху? Гугъу абыхэм уахэсыну?**

- Я цIыху щIыкIэкIэ зыгуэркIэ къытщхьэщыкIыу схужыIэнукъым. Дэтхэнэ лъэпкъми иIэщ цIыхуфIи цIыху Iеи. Псым хэлъ мывитI нэгъунэ зоунтIэIу, апхуэдэщ дунейри. Пэжым фыхуеймэ, тыншу дахозагъэ, тыншу дадопсэу. Мис иджы зэрыунагъуэу дыкъежьэти, ди гъунэгъум хъыбар едгъэщIащ, дызэрыдэмысынур. «Зы щхьэкIи фымыгузавэ, унэм сэ сыкIэлъыплъынщ», - жиIэри, дыкъригъэжьащ. Лъэпкъ зэхэгъэж щыIэкъым Америкэм, фэкIэ зэмыщхьщ щыIэр. Дэ нэхъыбэм дахогъуащэ.

**- Тхьэм уигъэпсэу, Казбек, ди упщIэхэм жэуап къазэрептам папщIэ, узыпэрыхьа къулыкъуми хуэижьын Тхьэм уищI.**

*Епсэлъар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*





**ЗэIущIэ нэужьым.** *Адыгейск. 1993 гъэ*



**Мейкъуапэ щытраха фэеплъ сурэт.** *1999 гъэ*

**Мы тхыгъэ цIыкIум фIэсща псалъащхьэр щIэгъэлъэIуауэ къызыщыхъуни щыIэщ. Ауэ сыхущIемыгъуэжыну жысIащ, зыхуэзгъэфащэри, лъынтхуэр Iэпкълъэпкъым зэрыхуэлажьэм хуэдэу, емызэшыжрэ псэхуи имыIэу лъэпкъым къалэн лъапIэ хуэзыщIа ди адыгэ газетырщ.**

«АДЫГЭ ПСАЛЪЭМ» сыщытхъуу щIэздзэмэ, къэувыIэжыкIэ сымыщIэу жысIэн згъуэтынущ, нэхъапэIуэкIи Iэджэрэ и гугъу сщIащи, зы псалъэщ щIызгъужынур - газетыфIщ. Ныкъусаныгъэ гуэр зимыIэ щыIэкъым. ЕдгъэфIэкIуэнум, хуитыр дэращ.

Илъэс зыбжанэ и пIэкIэ газетым и цIэ «Ленин гъуэгу»-р зэтхъуэкIын щыхъум, зытедубыда нобэрей цIэ шэрыуэм хуабжьу йокIу абы и щхьэри. «Адыгэ псалъэм» хэлъщ лъэпкъым и псэри, и напэри, и лIыгъэри, и дунейри.

Зи цIэ къисIуа ди газетым нобэ гъусэ хуэсщIыну сыхуейт АР-м къыщыдэкI «Адыгэ макъ», КъШР-м я «Черкес хэку», Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыдигъэкI «Нарт» газетхэр. Абы щхьэусыгъуэ къезэгъи ублэкI мыхъуну иIэщ: Кавказ Ищхъэрэм и адыгэ республикищым я газетхэр зэгуэту мазищ къэс зэ къыдагъэкIыну зэрыщIадзэрэ мы нобэрейр 50-нэщ.

АтIэ, укъоджэри пIэщIэлъщ 50-нэ къыдэкIыгъуэ зэгуэтыр. Къеджи, уэ абы уасэ хуэщIыж. Сэ мыр щыстхым сIэщIэлъар мыбы япэ ита, жэпуэгъуэ кIуам дунейм къытехьа 49-нэ къыдэкIыгъуэ зэгуэтырщи, къызэрысщыхъуар кIэщIу жызоIэ: уеплъ пэтми зумыгъэнщIу дахэрэ, уеджэ пэтми узыIэпишэу купщIафIэщ. Дахэкъэ нэр дэджылу лэч зэмыфэгъу зытхухкIэ щытедзакIэ. Сурэту итым и куэдагъри сыт! 70-м нэсу къызобж. Уахэплъэмэ, сыту дыкъулей жоIэ. Артист, тхакIуэ, егъэджакIуэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр: КъардэнгъущI Зырамыку, ХьэдэгъэлI Аскэр,


**«Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я номер зэхэтхэр илъэс 30 ирокъу**

● Нэхъыжьым и псалъэ

# Лъэпкъым и лъынтхуэ


Къэрмокъуэ Мухьэмэд

МэшбащIэ Исхьэкъ, Бэчыжь Лейлэ, псоми ди зэхуэдэ Тут Заур, цIыхубэ тхакIуэхэу Нало Ахьмэдхъанрэ IутIыж Борисрэ, профессорхэу ХьэкIуащэ Андрей, Блэгъуэжь Зулкъарин. Дэтхэнэр жыпIэн! Сыту дахэуи зэхэгъэува икIи зэхэзэгъа сурэтхэмрэ тхыгъэхэмрэ.

Мы 49-нэ къыдэкIыгъуэ сызыщытхъум ефIэкIыжыну зи къалэн 50-р бжыгъэ хъуреишхуэм и ныкъуэ щыхъукIэ дехъуэхъуну къелэжьри, я гъуэгур кIыхь, я бжыгъэр куэд тхьэм ищI, адыгэ лъэпкъым купщIафIэу игъащIэкIэ хурелажьэ.

КъыдэкIыгъуэ зэгуэтхэр зыхуэлажьэр республикищым щыпсэу адыгэхэм я закъуэкъым. Дуней псом нобэ щикъухьа шэрджэсхэр зэрыщIэн, зэIущIэн, фIыуэ зэрылъагъун, я блэкIар къащIэжын папщIэ абы и мыхьэнэр къыпхуэмылъытэну инщ. Дэ махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу ди нэгу щIокI дэни щыпсэу адыгэхэм я хъыбар зэмылIэужьыгъуэхэр номер зэгуэтхэм къащинэмыщIауэ, адрейхэми куэду зэрытетыр. А лэжьыгъэ мытыншыр къызэгъэпэщыным «Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд хуэдэу хуэIэзи дэнэ къипхын! Мухьэмэд лъэныкъуэ куэдкIи пыщIащ дунейм щикъухьа ди лъэпкъэгъухэм. Адыгэ гуп щыпсэууэ ХьэфIыцIэр здэщымыIа къэрал къэгъуэтыгъуейщ, я зэхэтыкIэр, я хабзэр, я IуэхущIафIэхэр, уеблэмэ я гурылъ нэгъунэ абы фIыуэ ещIэ, ятеухуа тхылъхэр къыдегъэкI, нобэми езэш имыIэу ядолажьэ.

КъыдэкIыгъуэ зэгуэтхэм дамэу ятетщ «Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!» - жыхуиIэ псалъащхьэ пажэр. АтIэ, дамафIэ ирехъу адыгэ лъэпкъыр, нобэ дунейм щикъухьами, зэгуэр зэгъусэ хъужын хуэдэу.

**КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд,**
*КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ.*
*2002 гъэ*

# Адыгэбзэр дывгъэхъумэ

**ПщIэ зыхуэтщI ди лъэпкъэгъу!**

Мыр Дунейпсо Адыгэ Хасэм зыкъызэрыпхуигъазэ псалъэщи, дынолъэIу гупсэхуу уеджэу акъылэгъу укъыддэхъуну.

Адыгэр зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж лъэпкъ щыпкъэу, адрей лъэпкъхэм ядэгъуэгурыкIуэфу, ауэ адыгэ нэсу къэнэжын зэрыхуейр и лъым хэту игъащIэ лъандэм къокIуэкI.

Гуауэрэ хьэзабкIэ гъэнщIа илъэс мин бжыгъэхэм къакIуэцIрихащ абы лъэпкъым и дамыгъэ нэхъыщхьэ дыдэр - адыгэбзэр. Абырэ Iуащхьэмахуэ зи дыщэ таж ди Хэку уардэмрэщ дэ нобэ нэхъ дызэзыпхыуи гугъапIэ нэхъ къыдэзытуи диIэхэр. АтIэми зи щхьэ къэзыгъэпцIэжыну хуэмей дэтхэнэ адыгэм дежкIи нэрылъагъущ лъэпкъым и гурыгъухэри и гурыщIэхэри зыщIэзыфа ди анэдэлъхубзэ гъэщIэгъуэнышэр щIэгъэхуэбжьауэ нобэ зэрытIэщIэкIыр.

Маржэ хъужыххэн, дывгъэхъумэ ди адыгэбзэ дахэр! Зи къупщхьэ тхэлъ ди адэжьхэм я хьэтыркIэ! КъыфщIэджэ Хэкужьым и хьэтыркIэ! Ди къэкIуэнур Iей хъунуми фIы хъунуми зэлъыта ди щIэблэм я хьэтыркIэ! Дунейр зэрыхъунур зыщIэр Алыхьым и закъуэщ, ауэ щыхъукIэ пщэдей дыщIагъэкъуэншэжын едвмыгъащIэ нобэ къытщIэхъуэ ди щIэблэм, къаIурыдвмыгъэч абыхэм Алыхь талэм къытIурилъхьа бзэ дахэр!

Ди щIэблэм анэдэлъхубзэр яIурылъу къэгъэхъунымкIэ нэхъ еджапIэ пажэ дыдэу щыIэр унагъуэращи, Тхьэ ЛъапIэу Лъагэр фыдогъэлъэIу: ЩЫФХЪУМЭ ФИ УНАГЪУЭХЭМ АДЫГЭБЗЭР! ФЕПСАЛЪЭ ФИ БЫНХЭМ АДЫГЭБЗЭКIЭ! ДЫЗЭВГЪЭПСАЛЪЭ АДЫГЭХЭР АДЫГЭБЗЭКIЭ!

● ДифI догъэлъапIэ

# Лэжьыгъэм тезашэркъым

**АдыгэбзэкIэ къалэм щагъабзэу Налшык IуэхущIапIэ дэту къыщIэкIынкъым «Адыгэ псалъэм» ЖьэкIэмыхъу Маринэ къыщамыцIыхурэ, ар лэжьакIуэшхуэу, псэемыблэжу зэрыщытым щымыгъуазэрэ. Абы лэжьыгъэ IэнатIэу ирихьэкIар уигу къэбгъэкIыжмэ, Iуэхум и пэри и кIэри зэпызыщIэ пкIэлъей зэрырикIуар наIуэ къохъу. Ар лэжьащ курьеру, корректору, жэуап зыхь секретарым и къуэдзэу, жэуап зыхь секретару. Мы зэманым «Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэщ, тхыгъэхэм къоджэж, урысыбзэм кърахыу, адыгэбзэр кърагъэзагъэхэр зэрегъэзэхуэж, къыдэкIыгъуэ зэхэтхэм йолэжь. Ар жьы зыщIэт, Iуэхум и зэфIэхыкIэр зыщIэ цIыхущ.**


ЖьэкIэмыхъу Маринэ

IУЭХУКIЭ умыгъэунэхуауэ, узытепсэлъыхьыр пцIыхуу жомыIэ, жаIэ. А лъэныкъуэмкIэ Маринэ фIыуэ зыцIыхухэм ящыщу щытащ тхакIуэ, усакIуэ, драматург цIэрыIуэ IутIыж Борис, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ къулыкъур илъэс куэдкIэ зезыхьам. Абы игу къигъэкIыжырт: «ЖьэкIэмыхъу Маринэ университетым адыгэбзэмкIэ и къудамэр къыщиухым щыгъуэ, сэ къэрал экзамен къеIызых гупым сыхэсащ. Абы щыгъуи гу лъыстат Маринэ щIэныгъэфI зэригъуэтам, егъэджакIуэхэр къыхуэарэзыуэ, фIы дыдэу къалъагъуу еджапIэр къызэриухым. Лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIи згъэунэхуащ сэ ар. Маринэ адыгэбзэм фIыуэ хэзыщIыкI, псэкIэ зыхэзыщIэ цIыхущ. Лэжьыгъэр шэч къытумыхьэжын хуэдэу ещIэ. «Мы ттхам ЖьэкIэмыхъур зэ ириплъэжамэ, дигу зэгъэнут», жыдоIэ. Маринэ сыт хуэдэ лэжьапIэ Iумытми, а IуэхущIапIэм и щIэлъэныкъуэщ жыуигъэIэу мэлажьэ. Гу къабзэщ, псэ хьэлэлщ, цIыху гъэсащ, зы щэ и уасэщ жыхуаIэм хуэдэщ».

ЦIыхум къраплъ фэр и дуней тетыкIэм елъытащ. Лъэпкъым и бзэм зи псэр ета ЖьэкIэмыхъум и гуащIэдэкIым, и акъылым, и хьэл-щэным, и Iуэху бгъэдыхьэкIэм къигъэщI гупсысэхэм ящыщщ адыгэ цIыхубзым и щыпкъагъэр, и дахагъэр и нэщэнэхэм языхэзу зэрыщытыр.

Мызэ-мытIэу, Маринэ зыкъезмыгъэщIащэу, нэбдзыпэщIэплъ сщIыуэ сыкIэлъыплъати, дэслъэгъуащ абы цIыху зэрыхуэмыгъэщIэхъур. «Шу зытесым бзыпхъэ нэкIэ трех», жыхуаIэу щыта дэрбзэрым изогъэщхь ар. ТхылъымпIэ напэм тетым къеджауэ къыпхуэмыщIэ щIыкIэ, и Iэзэгъуэр ирихьэлIэу щIедзэ, зэрытын хуей пщалъэм напIэзыпIэм ирегъэзагъэ. ЩIэныгъэ убгъэдэлъу, а лэжьыгъэ лIэужьыгъуэм укъыхуигъэщIарэ узыщIэхъуэпсыр, пхузэфIэкIыр, уи мурадыр зэтехуэу, уи къэухьыр лъэрыхьрэ, зэчийуэ къыпхилъхьар птыжыну ухуэхьэзырмэщ уи Iэужьыр уи цIэм къыщытелэжьэжыр.

СыщыпкърыупщIыхьым и щхьэусыгъуэ дыдэр сэтей къэзмыщIу, ЖьэкIэмыхъу Маринэ гъащIэм, дуней еплъыкIэ щхьэхуэхэм теухуауэ сепсэлъылIат. Мыращ абы лэжьыгъэм теухуауэ къызжиIар: «Гугъущ лэжьыгъэм утепсэлъыхьыну. ЖыпIэнурамэ, псэм зыужьыныгъэ зэригъуэтыр лэжьыгъэкIэщ, уеблэмэ ар езыр псэм и Iэужь гуэрщ. Лэжьыгъэр фIыуэ умылъагъумэ, къохъулIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Ар фIыуэ щIумылъагъункIэ хъунур, щумыцIыхум е ущымейм и дежщ. ЦIыхум зэчий щIыхилъхьэр фIы къыхудэкIуэн, фIымрэ дахагъэмрэ я жыпхъэм итын щхьэкIэщ. Къапщтэмэ, лэжьыгъэр хущхъуэшхуэщ. Абы укърегъэл гуитIщхьитIыгъэм, гъащIэм арэзы укъэзымыщIу къыщекIуэкI Iуэху мыщхьэпэ Iэджэм. Лэжьыгъэм ныбжьэгъу пэж тыгъэ къыпхуещI. Ар сыт и уасэ?! Абы псэр дощIэращIэ, епсыхь. Сэ си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, лэжьыгъэм сытезашэркъым».

Хэбдзын къыхэгъуэтэгъуейщ Маринэ и псалъэхэм.

**ЛЫКЪУЭЖЬ Нелли,**
*тхакIуэ.*


Къэрмокъуэ Хьэмид


IутIыж Борис


Уэрдокъуэ Женя


Щомахуэ Владимир


КIэрэф Хьэсэнбий



**«Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я номер зэхэтхэр илъэс 30 ирокъу**

# Апхуэдэщ Ширдий Маринэ

**Гугъущ уи ныбжьэгъум, фIыуэ узыхущыт цIыхум утетхыхьыну. Абы пщIэ хэха щIыхуэпщIу бгъэдэлъ фIагъ псори къызэрыбгъэлъэгъуэн псалъэ пхуримыкъуу, жыпIэну узыхуейхэм щыщ куэд тхыгъэ кIэщIым къыпхуимыгъэзагъэу къыпфIыщIедз. Апхуэдэ щытыкIэ ситщ сэри иджыпсту, цIыху гъэщIэгъуэн, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Ширдий Маринэ Хьэжумэд и пхъум теухуа тхыгъэм сетIысылIащи.**

**«Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэхэм 1997 гъэм къытхыхьа цIыхубз Iэдэбыр сыт хуэдэ къалэнми пэлъэщ, зи къалэмыр жан журналист Iэзэщ. Мы тхыгъэмкIэ ди мурадыр Ширдий Маринэ нэхъ нэIуасэ фхуэсщIынырщи, мыпхуэдэущ ар дэ къызэрытхэтыр, зэрытцIыхур.**



ИЛЭЖЬЫГЪЭКIЭ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиуха нэужь, Маринэ лэжьэн щыщIидзащ Къэрэшей-Шэрджэсым къыщыдэкI «Черкес хэку» газетым. Абы и IэнатIэ нэхъ гугъу дыдэм - политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и къудамэм - и унафэщIу илъэс пщIыкIутхукIэ лэжьащ. Къыщалъхуа республикэм къигъэзэжа нэужь Маринэ «Адыгэ псалъэ» газетым кърагъэблагъэри, щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI къалэныр и пщэ далъхьащ икIи а лэжьыгъэр гугъэзагъэу илъэс куэдкIэ къызэригъэпэщащ. Дэбгъуэн щымыIэу журналист лэжьыгъэм езыр зэрехъулIэм, псэ хьэлэлкIэ абы зэрыбгъэдэтым и гугъу умыщIми хъунущ - ди щIэджыкIакIуэхэм гунэс ящохъу Ширдийм газет напэкIуэцIхэм къыщиIэт Iуэхугъуэхэр зэрызэпкърихыр. Абы къыдэкIуэу, республикэм щекIуэкI щэнхабзэ гъащIэр нэсу къэгъэлъэгъуэным езым и унафэм щIэта гупыр Iэзэу хуиунэтIащ а зэманым.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм иригъэкIуэкIа Конгресс псоми, лъэпкъ Iуэхур япэкIэ гъэкIуэтэным зыщытепсэлъыхь нэгъуэщI зэIущIэхэми я лэжьыгъэм хэтащ Маринэ. Хэкум исхэми, хамэ щIыналъэр псэупIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэми я гъащIэм фIыуэ щыгъуазэщ, абыхэм ятеухуа тхыгъэ купщIафIэхэр и къалэмыпэм къыщIэкI зэпытщ, «Тыркум щыпсэу адыгэхэр», «Дунейпсо Адыгэ Хасэ: IуэхущIафэхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ» тхылъхэр къыдигъэкIащ.

Бзэм и къарур, и беягъэр нэсу къэгъэсэбэпыным хуэпабгъэм и мызакъуэу, ар зэхъулIэ журналистщ Ширдийр. Абы и фIыгъэкIэ ди бзэм къыхыхьащ шэрджэс адыгэхэм къагъэсэбэп псалъэ зыбжанэ. КIэщIу жыпIэнумэ, ди адыгэ псалъэр текIуэту, абы и пIэ нэгъуэщIыбзэм ейр къиувэным пэщIэтщ.

2006 гъэ лъандэрэ Маринэ «Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу мэлажьэри, а Iуэхуми хуэIэижьщ, и къару емыблэжу яужь итщ газетыр адыгэбзэ дахэкIэ «псэлъэным».

**ЗыгъэпIейтейхэр**. КъэкIуэну махуэм къазэрыхущIэкIынум иригузавэхэм, яшхын-щатIэгъэн къэгъуэтыным гупсысэм хигъэтхэм щэнхабзэ лъагэм, макъамэтх, сурэтыщI, тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэхэм я зэфIэкIым уахутепсэлъыхькIэ сыт и мыхьэнэ? Ар зыри къызэрымыкI Iуэхуу зэрыщытыр фIы дыдэу къыгуроIуэ Маринэ икIи цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм ар зи пщэ къыдэхуэхэм гу лъаригъэтэным теухуащ абы и тхыгъэхэм я нэхъыбэр.

Хамэ щIыналъэхэр псэупIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэм я гурыгъу-гурыщIэхэми фIыуэ щыгъуазэщ Ширдийр, абы и мызакъуэуи, адэжь щIыналъэм къэкIуэжыныр зи хъуэпсапIэхэм ар къайхъулIэнымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр къилъыхъуэ зэпытщ.

Зэман гугъум и нэпкъыжьэ ди лъэпкъым къытримыдзэным, дуней псом къызэрыщацIыху, пщIэ къыщIыщыхуащI и хабзэ дахэхэр фIэмыкIуэдыным, адыгэбзэр хъумэным гу хьэлэлкIэ егугъу щIэныгъэлIхэр, щэнхабзэм, гъуазджэм, литературэм я лэжьакIуэ пажэхэр къригъэблагъэурэ, газетым и пщэ къыщыдэхуэ къалэнхэр дэгъуэу зэрызэфIигъэкIым къыдэкIуэу, зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэри щIэхщIэхыурэ ирегъэкIуэкI Ширдийм.

**ЗыщыгуфIыкIхэр**, и лъэр жан зыщIхэр. И лэжьыгъэкIэ Маринэ зы IуэхущIапIэ гуэрым щыIарэ абы хъыбар гуапэ къыщищIауэ редакцэм къыщIыхьэжауэ ухуэзэныр гухэхъуэщ. Псом хуэмыдэу сабий зэчиифIэхэм я ехъулIэныгъэхэм щытепсэлъыхькIэ, студентхэм, щIалэгъуалэм я гъащIэм щыщ теплъэгъуэ гъэщIэгъуэнхэм я гугъу щищIкIэ. Апхуэдэхэм деж абыхэм я зэфIэкIым езыри ироин, дэрэжэгъуэ кърет. Зы псалъэухакIэ жыпIэмэ, дахагъэм и гур хузэIухащ Маринэ.

**Дэзыхьэххэр**. Маринэ щIэджыкIакIуэшхуэкIэ уеджэ хъунущ. Зыхилъхьэ щымыIэу фIыуэ елъагъу тхылъ, къэралым къыщыдэкI газет зэмылIэужьыгъуэхэм еджэн. ГъащIэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэми къыщыхъу-къыщыщIэхэр зэрызригъэщIэным езэш имыIэу яужь итщ. Аращ щIэджыкIакIуэхэм щIэщыгъуэ ящыхъун гупсысэ сыт щыгъуи щIиIэр.

**И унагъуэр**. ЦIыху зэхъуапсэ жыхуаIэм хуэдэ унагъуэ дахи иIэщ Маринэ. Хабзэ дахэ зэрылъ, гуапэу къыщыпIущIэ унагъуэм исхэми яхэлъщ зи гугъу фхуэтщIа цIыхубзым и хьэл-щэныфIхэр. И щхьэгъусэ Мэсей Аскэр КъБР-м и прокуратурэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэмрэ суд приставхэмрэ я уголовно-процессуальнэ лэжьыгъэм кIэлъыплъынымкIэ и къудамэм и унафэщIщ, юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэщ. Я щIалэ Марати и адэм и гъуэгум ирокIуэ, юрист IэщIагъэр къыхихауэ Налшык къалэ прокуратурэм и IэщIагъэлIщ. Я нысэ Мадини адыгагъэр, пщIэ, нэмыс зэхуэщIыныр щагъэнэхъыщхьэ унагъуэ къызэрыхэкIар имыгъэгъуащэу, къызыхыхьахэм ядекIуу мэпсэу. Маринэ и гъащIэр псом хуэмыдэу гуапэ, дахэ щызыщIыр и къуэрылъху цIыкIухэу Iэдэм, Идар сымэщи, Тхьэм гу щаригъахуэ.

И Iыхьлыхэм, къыдалъхуахэм зэрахуэгумащIэр, зэрахуэсакъыр-щэ?! Маринэ и гу хуабагъэр, и гуапагъэр куэдым ялъоIэс. Дэри абыхэм дахэту.

«Сыту фIы апхуэдэ цIыху къыбдэлэжьэну», - жаIэнщ мы тхыгъэм къеджэхэм икIи ахэр щымыуэу къыдолъытэ «Адыгэ псалъэ» газетыр къыдэзыгъэкI гупым.

**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ**.

**● ЩIэныгъэлIым и псалъэ**

# Тыркум ис шэрджэсхэм я гукъеуэ

**Тыркум ис адыгэхэр нэхъыбэу зэлэжьыр мэкъумэшыращ. Ауэ нэгъуэщI IэщIагъэ зэзыгъэгъуэтхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытурэ макIуэ. ЩIэныгъэрэ IэщIагъэфIрэ зиIэхэр жылэхэм дэкIыжурэ къалэхэм мэIэпхъуэ. Еджэр тыркубзэщ зэрырагъаджэр, и IэщIагъэм щрилажьэкIи а бзэ дыдэращ къигъэсэбэпыр. Радиомрэ телевиденэмрэ жылэхэм яхыхьауэ адыгэбзэр яуныкъу, и пIэ ираху. Ар щыгъэтыжауэ, адыгэ жылэхэу адыгэбзэм и быдапIэу щытахэм щыпсэу сабийхэм ящыщ куэдым я анэдэлъхубзэр яIэщIохy. Мис ахэращ зыгъэгузавэр щIэныгъэшхуэ зиIэ ди лъэпкъэгъухэу а къэралым нобэ щыпсэухэр.**

«НАЛМЭС» академическэ ансамблым (Мейкъуапэ) сригъусэу мазэкIэ Тыркум сыщыIати, ди лъэпкъэгъу куэдым сарихьэлIащ, я гукъеуэри къызжаIащ. Абыхэм ящыщщ мэз IуэхумкIэ щIэныгъэшхуэ зиIэу икIи тхакIуэшхуэу ХьэхъурэтIэ (Челик) Уэсмэн, университетхэм щезыгъаджэхэу Таймэз Кязим, Хьэстокъуэ Фазыл, Ацумыжь Нихьэт, Таймэз Хъайдар, БатIэ Фахъри, Дудей Сэлэхьэтдин, Думэныщ Хъейри.



Тхьэркъуахъуэ Инус

Тыркудзэм IэнатIэшхуэ щызиIэ Щэныбэ Мыхьэмэт къызэрызжиIамкIэ, армэм генералу хэтым я зэхуэдитIыр адыгэщ. Полицэм Iэтащхьэу хэтахэу зи цIэ къипIуэфынухэм ящыщхэщ Натхъуэ Аднан, Хъуэхъуэш Фэкъар, Дудэ Бэдрэдин, Хъурмэ Ирфан, нэгъуэщIхэри. ХамэщIым щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр ирогушхуэ тхакIуэхэу ВыукI Изэт, Инэмыкъуэ Мулид, Бэрзэдж Сэфар, IэнатIэ зэхуэмыдэхэм Iут еджагъэшхуэхэу ЛIыщэ Сулеймэн, ЛIыщэ Абдул-Къадыр, Хьэткъуэ Аслъэн, Жанэ Щамил, Хьэпэе Эрхьан...

Адыгэхэр икъухьарэ зэпэIэщIэу псэуми, я бзи, я хабзи нобэр къыздэсым яхъумащ. Ауэ, зэрыжытIащи, хэшыпсыхьыжынкIэ иджыщ нэхъ гузэвэгъуэ щыщыIэр. Лъэпкъыу къызэтенэн щхьэкIэ зы закъуэщ абыхэм ящIапхъэр: замыIэжьэу, зэхах хъыбар фейцейхэм имыгъэгужьейуэ, я адэ хэкужьым къихьэжын хуейщ. Ар я гухэлъу, езыхэм щапхъэ ягъэлъагъуэу, Тыркум щыIэ адыгэ хасэхэр къызэзыгъэпэщахэм, зыгъэбыдахэм ящыщ зыбжани Кавказым къэкIуэжащ. Абыхэм ящыщщ МэшхуэфI Нэждэт, Едыдж Мэмэт, Бэрзэдж Нихьэт, Едыдж Нихьаи, Бидэнокъуэ Нихьэт, Джатауэ Ибрэхьим, нэгъуэщIхэри.

Пэжыр жыпIэнумэ, адыгэ щIыналъэм деж хуэдэуи Тыркуми адыгэр щагъэлъапIэ, я хабзэмрэ зэхэтыкIэмрэ пщIэ щыхуащI. Я псэукIэкIи Iейкъым: мэлажьэ, мэшхэж, бей дыдэхэри яхэтщ, ягукIи я псэкIи адыгэщ, дяпэкIи къамыгъэтIэсхъэну дащогугъ. КъащIэхъуэ щIэблэм ящыщ куэдым адыгэбзэ ямыщIэми, я гур ХэкужьымкIэ къэгъэзащи, лъэпкъыр дызэрыубыдыжыну абы гугъапIэ къыдет.

**ТХЬЭРКЪУАХЪУЭ Инус**,
*филологие щIэныгъэхэм я доктор,*
*Дунейпсо Адыгэ Академием и академик.*
*Мейкъуапэ къалэ.*
*1998 гъэ*



«Летучкэм» хэтахэм Мэздахэ зыщагъэпсэху. *Мейкъуапэ, 1997 гъэ*



«Черкеск хэку» газетым и щIыхьэпIэм деж. Бысымхэмрэ хьэщIэхэмрэ. *1994 гъэ*





**«Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я номер зэхэтхэр илъэс 30 ирокъу**

● ДифI догъэлъапIэ

# ЗэфIэкI лъагэ зиIэ ТIымыжь Хьэмыщэ

**«ЗыщIыфым ещIри, зымыщIыфым егъэIущ зэрищIын хуеймкIэ», - жиIэгъащ тхакIуэшхуэ Шоу Бернард. Журналист, щIэныгъэлI, егъэджакIуэ, тхакIуэ икIи зэдзэкIакIуэ ТIымыжь Хьэмыщэ цIэрыIуэ зыщIар а IэнатIэ псоми фIыуэ зэрыхищIыкIырщ.**



ДЖЫЛАХЪСТЭНЕЙ щIыналъэм къыщыхъуа адыгэ щIалэр зэи зытемыкI хабзэ иIэжщ: «Ари сэ схуэдэ цIыхущ. Абы щыхузэфIэкIкIэ, сэри схузэфIэкIын хуейщ». Абы сыт щыгъуи и гъуазэу щытащ зыпэрыт IэнатIэм - еджэнми лэжьэнми - ехъулIэхэр. Курп Ищхъэрэ (Ислъэмей) школыр «тху» защIэкIэ къиуха нэужь, Хьэмыщэ хузэIухат еджапIэ нэхъыщхьэ куэдым я бжэр. Арщхьэк Iэ журналист IэщIагъэм дихьэха щIалэр КъБКъУ-м и адыгэбзэ къудамэм щIотIысхьэ. Илъэсит I нэхъ дэмыкIыу Iэмал хъарзынэ къыхукъуокI: журналист IэщIагъэм нэхъ хэзэгъэну къалъытэхэр къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм ягъакIуэрт.

Арати, ТIымыжьыр Ломоносовым и цIэр зезыхьэ Москва университетым журналистикэмкIэ и факультетым и студент мэхъу. ПIалъэ кIэщIым къриубыдэу курсэгъухэм ялъэщIыхьэжащ, уеблэмэ зыхуэмышэрыуэ инджылызыбзэри абыхэм нэхърэ мынэхъыкIэу зрегъащIэ. Гоголь и стипендиери къихьу фIыуэ йоджэ.

1979 гъэм Хьэмыщэ Налшык къегъэзэж икIи адыгэ газетым и лэжьакIуэу мэув. Мыгувэуи жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ мэхъу. Хэлъ ерыщагъ псомкIи ТIымыжьыр йоувалIэ республикэм къыщыдэкI лъэпкъ газет закъуэм и теплъэр, и зэхэлъхьэкIэр егъэфIэкIуэным.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ар хэтт Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым я лъэпкъ газетищым я номер зэгуэтхэр къыдэгъэкIыным теухуа лэжьыгъэм и курыкупсэм. Жэуап зыхь секретарь къулыкъум ягъэува иужь, ди газетым и лъэныкъуэкIэ апхуэдэ номерхэр зэрагъэхьэзырым и фIагъыр абы куэд дыдэкIэ елъыта мэхъу. Дэ, илъэс куэдкIэ Хьэмыщэ дэлэжьахэм, фIы дыдэу дощIэ ар номер зэхэтхэм я зэхэублакIуэхэм, унэтIакIуэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр.

«Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэу ХьэфIыцIэ Мухьэмэд ягъэува иужь, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ТIымыжьым и къулыкъуми мыгувэу зехъуэж: ар абы и къуэдзэ мэхъу. Ауэ и лэжьыгъэм зихъуэжакъым - номер зэхэтхэр щагъэхьэзыркIэ зэпымыууэ ядэIэпыкъурт. Мыбдежым къыщызгъэлъэгъуэнщ езы ХьэфIыцIэ Мухьэмэд газетым и теплъэр зыхуэдэм гулъытэшхуэ зэрыхуищIыр, езыми макет щIыным кууэ зэрыхищIыкIыр. Абы и лъэныкъуэкIэ и псэм удыхьэныр гугъущ. Ауэ ар къехъулIащ ТIымыжьми, зэчий зыбгъэдэлъ абы и гъэсэнхэми.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абдеж къыщынэртэкъым Хьэмыщэ зэфIигъэкI лэжьыгъэр. Редакцэм хуабжьу къыхуэщхьэпащ абы адыгей къэпсэлъыкIэр къэбэрдей жыIэкIэм Iэзэу къызэрыригъэзэгъэфыр.

Иджыри къэс сэ зи гугъу сщIар ТIымыжь-журналистырщ. Ауэ ар икIи щIэныгъэлI Iэзэщ. Мейкъуапэ филологие щIэныгъэхэм я доктор диссертацэр щыпхигъэкIащ.

Дунейм щикъухьа адыгэхэм яхуиIэ лъагъуныгъэм ар ирихулIащ тхакIуэ лэжьыгъэми. Хьэмыщэ «Зи нэхэм уафэхъуэпскI къыщIих сулътIан» и повестыр триухуащ курыт лIэщIыгъуэхэм Мысырым (Египетым) пащтыхьыгъуэр щызыубыда адыгэ мамлюк сулътIанхэм. Ар куэдым ягу ирихьащ бзэ купщIафIэкIэ зэрытхам, тхыдэм и гъуджэу щыт документхэр къызэрыщигъэсэбэпам къыхэкIыу.

Си псалъэр никъуэ хъунт ТIымыжьыр зэрыегъэджакIуэри къэзмыгъэлъэгъуамэ. Ар КъБКъУ-м и профессорщ, ЩIэныгъэхэмкIэ гуманитар институтым и адыгэ къудамэм и унафэщIщ.

АРЩХЬЭКIЭ нобэ зи гугъу тщIы щIалэм нэхъыфI дыдэу къехъулIауэ жыпIэ хъунущ езыр зыхуэпIащIэу зыхыхьэж и унагъуэр - и щхьэгъусэмрэ и щIалищымрэ. Светланэ Белгород потребкооперацэмкIэ дэт университетым и филиалу Налшык щыIэм и егъэджакIуэу щытащ. Гъэсэныгъэ зыгъуэта щIалэхэм я нэхъыжьитIым - Хьэсэнрэ Хъусенрэ (зэтIолъхуэныкъуэхэщ) Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и экономикэ факультетыр, нэхъыщIэ Аслъэн Белгород университетыр къаухащ.

НэгъуэщI сыт къысщыгъупщэрэ? Иджыри нэхъыщхьэр жысIа си гугъэкъым: ТIымыжь Хьэмыщэ цIыхугъэ, адыгагъэ зыхэлъщ. ФIыщ ар уи лэжьэгъунуи уи ныбжьэгъуу щытынуи.

**ШАЛ Мухьэмэд,**
*КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.*

● Телъыджэ

# Бэлагъы Къантемыр и лъагапIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ режиссёр ныбжьыщIэ Бэлагъы Къантемыр «Оскар» дунейпсо саугъэтым хуокIуэ.**

УРЫСЕЙМ и режиссёр цIэрыIуэ Сокуров Александр и гъэсэн адыгэ щIалэр «Оскар» дунейпсо саугъэт лъапIэр зыхуэгъэфэщэну къалъытахэм хабжащ.

Гулъытэ лей зыгъуэта «Дылда» фильмыр зытеухуар Ленинград и зауэ нэужь лъэхъэнэ гугъухэрщ. Роль нэхъыщхьэр зыгъэзащIэ Ия зенитчицэу Хэку зауэшхуэм хэтащ. УIэгъэ хьэлъэм и ужькIэ абы и унэ егъэзэж икIи медсестрауэ госпиталым лэжьэн щыщIедзэ. Фэбжь хьэлъэ зытелъ Ия зимыщIэжу щIэх-щIэхыурэ къытохуэ. Апхуэдэ къытехуэгъуэхэм ящыщ зым гузэвэгъуэ къыIэщIощIэ - илъэсищ зи ныбжь сабийр IэщIокIуадэ.

Зауэр еухри, Пашэ (аращ абы зэреджэр) и анэр фронтым къокIыж... Фильмым и кIыхьагъкIэ къыхощ зауэм цIыхубэм къахуихьа насыпыншагъэмрэ ахэр зыпхыкIын хуей хъуа гугъуехьхэмрэ.

«Дылда»-р Бэлагъым и япэ лэжьыгъэкъым. ФощIэж Канны нэсауэ щыта «Теснота» фильмым дунейпсо критикхэр хьэщыкъ ищIауэ зэрыщытар.



«Дылда»-р Урысейм къыбгъэдэкIыу «Оскар» саугъэтым и «шорт-листым» хагъэхуащ. Абы къыдэкIуэу, хамэ къэрал фильм нэхъыфIхэм хабжэным щIэбэнынущ европей къэралыгъуэхэм къабгъэдэкIауэ иджыри 7, Коре-Ипщэмрэ Сенегалымрэ яйуэ зырыз.

«Оскар»-м щIэбэнынухэм яхэтщ урыс режиссёр Бронзит Константин «Ар хьэшыншэу псэуфынукъым» зыфIища и мультфильмри. Бжьыпэр зыубыдхэм я цIэр къыщраIуэну дауэдапщэшхуэр 2020 гъэм мазаем и 9-м Голливуд и «Долби» театрым щызэхэтынущ.

**ЖАНХЪУЭТ Зуэ.**

*Сурэтым:* **Фильмым роль нэхъыщхьэхэр щызыгъэзащIэ артистхэмрэ продюсерымрэ (ижьырабгъумкIэ щытыр Бэлагъы Къантемырщ).**

# Адыгэхэм къытхужаIахэр

## Захуагъэм уемыбакъуэ закъуэмэ...

АДЫГЭР хахуэщ, гушхуэныгъэ хэлъщ, ауэ пщIэншэу лъы игъэжэн фIэфIкъым, игукIи бзаджэкъым. ЗекIуэ кIуэрейщ, арщхьэкIэ и Хэкум пэIэщIэныр и жагъуэщ. И гур здэщыIэр я мэзхэмрэ бгыхэмрэщ. И щхьэхуитыныгъэр насып нэхъ ин дыдэу къелъытэ. Щабэу уепсалъэмэ, сабийм хуэдэу къыпхуэгъэпцIэнущ, уепхъэшэкIми, игу тригъэхуэфынущ, захуагъэм уемыбакъуэ закъуэмэ.

И зэуэкIэм къыхужаIэм фIолIыкI, нэгъуэщIым и хахуагъым пщIэ хуещI, ар и бийуэ щытми. Махуэ псом уэрэд кърищу, и мылъкуи и уни хэкIуадэми къыфIэмыIуэхуу, шыр игъэджэгуу дэту къыпфIэщIми, ар и унагъуэм гурэ псэкIэ хуэпэжщ. Адэ-анэм зэредаIуэмкIэ, унагъуэм щиукъуэдииф зэгурыIуэмкIэ дэтхэнэ лъэпкъ зызыужьауэ зызылъытэжми щапхъэ хуэхъуфынущ.

**ЛАПИНСКИЙ Теофил,**
*адыгэхэм къащхьэщыжыну Польшэм къикIа лыхьыдзэм и унафэщI, полковник. 1857 гъэ*

## Хьэл-щэн гуакIуэ хэIэтыкIа ядыболъагъу

КЪЭБЭРДЕЙ адыгэхэр хахуэщ, цIыху пэжхэщ, лей зехьэн, цIыхум ебзэджэкIын хьэл яхэлъкъым. Ахэр лъагъугъуафIэхэщ, я теплъэм егъэлеяуэ йолIалIэ. ЗыхуэпэкIэ зыщIэ бгырысым «къэбэрдейм ещхьу хуэпащ» щыхужаIэ Кавказым. Абыхэм IэбэкIэ дахэ яIэщ, хьэл-щэн гуакIуэ хэIэтыкIа ядыболъагъу, ищхьэкIэ зэрыщыжытIащи, цIыхугъэ лъагэр къыдалъхуауэ я щэнщ. Адыгэм зэзэмызэххэщ пцIы щиупсыр, и бий нэгъунэ пэж фIэкIа жриIэркъым.

**ЛАВИНЦЕВ Александр,**
*урыс тхакIуэ, журналист, усакIуэ. 1904 гъэ*



**Налшык щекIуэкIа «летучкэхэм» язым хэта журналист гуп.** *1994 гъэ*



«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр. *2004 гъэ, накъыгъэм и 15*

## МЭЩБЭШIЭ Исхьакъ

### Адыгэ Республикэм и Гимн

Тихэгъэгу кIасэу тигупсэр
Адыгэ чIыгушъ, терэI.
Зы бын-унагъоу лъэпкъыбэр
ЩызэгурыIоу щэрэI.

ШIум факIу, лъыкIуат,
Республикэу тиунэ дах.
Егъэхъу, зыIат,
Республикэу тигугъэ лъаг,
Уилъэпкъи хъишъэр
фэIуат.

Дунаим ичIыпIэ шIагъор
Нэхъыжъмэ тэ къытфыхах,
Ахэмэ ялIыгъэ-шIагъэ
ЛIэшIэгъумэ къызэIэпах.

ШIум факIу, лъыкIуат,
Республикэу тиунэ дах.
Егъэхъу, зыIат,
Республикэу тигугъэ лъаг,
Уилъэпкъи хъишъэр
фэIуат.

Хьэзабмэ уахэмытыжьэу
Уитыгъэ нэфи пшъхьащыт.
Урысейм зыкIэ ущыщэу
Ащ гукIи ущышъхьафит.

ШIум факIу, лъыкIуат,
Республикэу тиунэ дах.
Егъэхъу, зыIат,
Республикэу тигугъэ лъаг,
Уилъэпкъи хъишъэр
фэIуат.

Тэ тыщэIэфэ-егъашIэм! -
ТичIыгоу тыгур щыIэщт,
Тиуашъуи тыгъи бэгъашIэ
Тэ ренэу, ренэу тиIэщт.

ШIум факIу, лъыкIуат,
Республикэу тиунэ дах.
Егъэхъу, зыIат,
Республикэу тигугъэ лъаг,
Уилъэпкъи хъишъэр
фэIуат.

*1992 гъэ*

## БЕМЫРЗЭ Мухьэдин

### Си адэжь лъахэ

Псом нэхърэ уэ, си адэжь хапIэ,
Умынэхъ бей, умынэхъ ин,
Ауэ сэ зыми уэр нэхъ лъапIэ
Къысхуигъэнэнтэкъым щIэин.

Уи дежщ здэпсэур си ныбжьэгъухэр,
ЦIыхубз хьэщыкъ сызыхуэхъуар,
Си къуэшыр, сянэр,
быи къысщIэхъуэу
Сэ гъащIэ дыгъэ къысхуэхъуар.

Уи дежщ я кхъащхьэхэр здэщыIэр
ЦIыху дыщэ кIэрысчахэм сигу,
Къыслъысмэ сэри ажал щIыIэр,
СызыщIалъхьэнур уэ уи щIыгущ.

Си лъахэ дыщэ! Уэ хьэщIагъэ
Зэпхахэр куэдым и куэдыжщ,
Ар дэри щIэлъщи ди гу щIагъым,
Ди адэжь хабзэ мыкIуэдыжщ.

Хуей хъумэ, сэри сиIэр фIыгъуэу,
Си Хэку, уи хьэщIэм и къурмэнщ,
Арщхьэкlэ хапIэкIэ къофыгъуэм
Сэ уэ уи удзри щысхъумэнщ...

## АФIЭУНЭ Лиуан

### Зэ уадыгэну сыт и уасэ!

Уи адэжьхэм я бзэм урипсалъэу,
Я хъыбарыжь Iущхэр уи пшыналъэу,
Хъуэхъум я нэхъыфIыр зэхыуагъэхыу,
Ху махъсымэ фалъэр зэIэпыпхыу -
Зэ уадыгэну сыт и уасэ!
Уи къурш лъапэ псынэпс
къыщыкъуалъэр
Уи бын и быныжхэм къыщIагъалъэу,
Уи Iэщ хъушэм хъупIэхэр яуфэбгъуу,
Мо Iуащхьэмахуэшхуи къыбдалъагъуу -
Зэ уадыгэну сыт и уасэ!
Уи нэмыс, уи фащэ, уи джэгукIэм
Уи щIэблэщIэ уардэр щыгуфIыкIыу,
Узэпсалъэр,
УщIэпсалъэр пщIэжу,
Уи лъэпкъ напэр лIыгъэкIэ бгъэпэжу -
Зэ уадыгэну сыт и уасэ!
Уи шы лъэпкъыфI пцIащхъуэу
щIэлъэтыкIым
Укъэшэсрэ лIыуэ бгъэшу батэр,
УщIэукIытэжыни къыпхуимыхуэу,
Уэ уи щIакIуэ кIапэр жьым зэрихуэу -
Зэ уадыгэну сыт и уасэ!
Хьэм уигу щIэгъуу -
Зэхэпхамэ пщIэууэ,
УзэрылIэжынур
Зэгуэр пщIэуэ,
Дунеишхуэм уэ щыпщIэн щыпщIауэ,
ЛIым и хьэлкIэ гъащIэ къэбгъэщIауэ -
Зэ уадыгэну сыт и уасэ!
Зэ уадыгэну сыт и уасэ!

## УЭРЭЗЕЙ Афлик

### Адыгэ

Уи лъэпкъгъэжэщIу, укъигъаскIэу,
Лъыгъажэ макъкIэ бийр къыщыбгэм,
УIэгъэр птхьэщIри тенджызыпскIэ,
УитIысхьэжащ аргуэру шыбгым.

Уагъэухуакъым уни лъапси,
Урагъэджакъым хуиту тхылъым.
ИтIани зыми уемыхъуапсэу,
Упсэут, пагагъэр хэту уи лъым.

Гъунэгъу-жэрэгъухэр къыплъришэрт,
УраIэ защIэт гупсысапIэу,
Уи тхыдэ гъуэгури нэшэкъашэт,
МыгурыIуэгъуэу къэгъэшыпIэр.

ЩIэлэжьыхьыхукIэ уи шым налыр,
Къыумыгъэлалэт шыныбэпхыр.
Арат бгъуэтыжри Iэмалу,
Аргуэру щIэпкъуэзэжырт уи бгыр...

Ирамыгъэщ1у хэку унагъуэ,
ИрамыгъэкIыу зэи шыбгым,
И бгыр щIикъуэзэурэ бгы псыгъуэ
ЩIэхъуар аратэкъэ адыгэр?

## МАХУЭЛI Нарзан

### Адэжь щIэин

Джатэпэкlэ дядэжьхэм щIыр тхуаващ,
ДжатэпэкIи жылапхъэ тхухасащ,
Дэр папщIэ ягу тхуилъахэр ядэтIыгъыу,
Бэвыгъэр Iутхыжынкlэ къытщыгугъыу.

Иджы, лIэщIыгъуэ Iэджэ кIуа нэужь,
КъэкIар Iудох пымыту зы щхьэмыж.
Иджы щIэблэщIэр дитщ псэзэпылъхьэпIэ,
Ди натIэ хъуамкIэ куэдым мэс ди напэ.

Дыгугъэт фIыкIи... фыгъуэр куэдыкIейщ.
Сыт щыгъуи цIыхур мылъкум хуэнэпсейщ.
АкъылкIэ диувауэ тфIэщIми лIыпIэ,
ТхуэIэпхъуэркъым зауэжьхэр
нэгъуэщI щIыпIэ.

ЩIы щIагъым щIэлъ дядэжьхэм я гур къоплъ,
Я плъэкIэм щIыр дэхъейуэ къыткIэлъоплъ.
Ди гуэнхэр нэщIщ. БлэкIынщи
мы лIэщIыгъуэр,
Лъысынщ ди щIэблэм гъуанэу лэжьа гугъэр.

## ПХЪЭШ МуIэед

* * *

Адыгэбзэр жаIэ кIуэдыжыну.
Ар уи фIэщ уэ хъурэ, си ныбжьэгъу?
Зэхэпхар уигу къеуэу умышынэ,
Ди бзэр хуэныкъуэххэкъым гущIэгъу.

*Черкесск къалэ, 1994 гъэ*

## МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

* * *

Сэ сыIуплъам
Адыгэ лIыжь,
ЗыхэсщIэу сохъур
Нэхъ лIыхъужь.
Къысщохъу зэхэсхыу
Уэрэдыжь,
Къысщохъу зэхэсхыу
Хъыбарыжь.

Адыгэ тхыдэр
Зи нэгу къищ
А лIыжьхэм
СыткIи задызощI:
Я хъыбарыжьым
СегъэIущ,
Я уэрэдыжьым
Сегъэлъэщ.

Ауэ зы лIыжь
ЩIым ехыжыху,
Нэрымылъагъуу
Нэпс сIэщIоху:
КIуэдыжу сфIощI
Зы уэрэдыжь,
КIуэдыжу сфIощI
Зы хъыбарыжь.



«Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я номер зэхэтхэр илъэс 30 ирокъу

Редактор нэхъыщхьэхэр ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд, ДЕРБЭ Тимур, ТХЬЭГЪЭПСЭУ Увжыкъуэ

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Лениным и уэрам, 33.

Номерыр „Адыгэ псалъэм“ и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П5894
Тираж 2.056
Заказ №1165